Бс.88

АЛПЫСБАЙ
СУЛТАНОВ

# ДӨҲМЕТ



**А. Султанов. Дөҳмет. Нөкис «Билим» баспасы, 2008. 160 бет.**

**63.3 (2Қар) + 84 Қар**
**С—94**

**Пикир билдириўшилер:**

**Сабыр Камалов** — *Тарийх илимлериниң докторы, академик*
**Муратбай Нызанов** — *Жазыўшы, киносценарист, Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты*

**Ҳәр бир халықтың, миллеттиң атын дүньяға таныткан мәрт азаматлары болады. Қарақалпақ халқының соныңдай жигербент перзентлериниң бири Аллаяр Қораз улы Досназаров. Даңқлы бабамыздың машақатлы өмир жолы, аўыр тәғдири ҳаққында биз отада аз билер едик. Себеби Москвада қамаққа алынған оның ҳүжжетлери күни кешеге шекем қәўипсизлик комитетиниң архивлеринде отада қупыя сақланып келди.**

**Ғәрезсизликтиң шарапаты менен темир «сандықлардың» қақпағы ашылып, оның қупыя сырлары халыққа мәлим бола баслады, нәтийжеде бабамызға наҳақтан жабылған жала менен китап оқыўшылары танысыў мүмкиншилигине ийе болды.**

**Қолыңыздағы кинороман жазыўшы, киносценарист Алпысбай Султановтың Аллаяр Қораз улы Досназаровқа бағышланған усындай бийбаҳа мийнетлериниң бири. Бул сизлерде үлкен қызығыўшылық пайда етип, қарақалпақ миллий мәмлекетшилигиниң пайда болыўы ҳаққындағы мағлыўматыңызды еле де кеңейтеди деген үмиттемиз.**

© «Билим» баспасы, 2008.

RESPUBLIKALIQ
MA'LIMLEME-RESURSLIQ
WORAYI
INV № 83392

Қарақалпақ халқының даңқлы перзенти Аллаяр Қораз улы Досназаровтың өшпес естелигине бағышланады.



## АЛҒЫ СӨЗ

***Сол бир ала сапыранлы XX әсирдиң жигирмаланшы жылларында тарыдай шашылып жүрген қарақалпақ халқын бириктирип, оның мәмлекетлик шегарасын белгилеп, шаңарақ тиклеп берген ел перзенти Аллаяр Қораз улы Досназаровқа әўләдлар алғысы шексиз. Даңқлы бабамыздың машақатлы өмир жолы менен халқымызды кеңнен таныстырыў мақсетинде мениң авторлығымда «Қарақалпақфильм» киностудиясында «Елим деген ер еди» атлы үш бөлимнен ибарат ҳүжжетли фильм дөретилди. Режиссёры Дәмир Әбдимуратов, операторы Қалбай Исақов болған бул фильм 1992- жылы республикамыз киноэкранларына шықты,***

*Ашхабад қаласында өткерилген «Гүмис ярым ай» халық аралық кинофестивалына қатнасты.*

*Биз кинокартинаны сүўретке алыў пайытында бурынғы СССР Мәмлекетлик қәўипсизликти сақлаў комитетине арнаўлы хат жазып, А.Қ.Досназаровтың иси бойынша 150 бет көлеминдеги ҳүжжетлерди Москвадан Қарақалпақстанға алдырған едик. Тилекке қарсы бизге «оғада құпыя» есапланған бул ҳүжжетлердиң тек те 18 бетинен ғана пайдаланыўға рухсат етилди. Бул ҳүжжетлердиң бир бөлеги ҳәм Аллаяр Қораз улы Досназаров атылған жерден алып келинген бир уўыс топырақ ҳәзир Қарақалпақстан республикалық үлкетаныў музейинде тур.*

*Әлбетте, Досназаровтың басып өткен өмир жолын, аўыр тәғдирин бир ҳүжжетли фильмде толық сәўлелендириў мүмкин емес. Ол ҳаққында нешше-нешше дәстанлар, ҳәттеки, эпопея жазса да, арзыйды. Мен А. Досназаровтың сахналық образын дөретпекши болып, «Наҳақтан төгилген қан» тарийхый драмасын жаздым. Лекин бәри-бир Аллаяр бабамызға тийисли ўақыялар спектакльге сыймай, қалып кете берди. Нәтийжеде Дос-*

*назаровтың тулғасын толық көрсетиў ниетинде сизлерге усынылып отырған шығарма — кинороман дүньяға келди.*

*Мен бул шығармамның дөрелиў дәўиринде маған берген бийбаҳа мағлыўматлары, еске түсириўлери ушын мәмлекетлик ғайраткер Жумагүл Сейтоваға, режиссёр-драматург Төреш Алланазаровқа, ел басшысы болған Қасым Әўезовтың зайыбы-Фатима Әўезоваға, Таңсық Досназар қызының перзенти—Зәўре апаға, Алламберген Досназар улының баласы-Хожамбергенге, аса қунлы мәсләҳәтлери ҳәм сақыйлық пенен көрсеткен ҳүжжетлери ушын-Аллаяр Досназаровтың барлық жан күйерлерине, әсиресе, пидайы инсанлар академик Сабыр Камаловқа, юрист Сапарбай Доспановқа, илимпазлар Қырықбай Байниязов ҳәм Баҳаўатдин Алланиязовларға шексиз миннетдаршылығымды билдиремен.*

**АВТОР.**

## ДӨҲМЕТ

***(Кинороман)***

### 1. Мәрдикар

Қақаман қыстың аязы аздай, түни менен жапалақлап қар жаўды. Бул аяқ кийимнен жаўрап жүрген Аллаяр ушын ақырзаманның болғаны менен барабар еди. Бирақ иләж қанша, ол шеримнен тигилген башпайын аягына илдирди де, кирден дасмалы шыққан бөз шылғаўларын балтырларына орады, оның үстиндеги кийимлери де қарық емес еди, жупынысы шыққан ол жүзин жағымсыз самал ҳәм қардан көлегейлеп, жумысына жетиўге асықты. Оның үйреншикли иси-пахтаны ғозапаядан айырып, заводқа шана менен жүк тасыўдан ибарат еди.

Ат орнына шанаға жегилген ол, сыйқақ жоллардан есап-сансыз жығылып, заводқа үш ирет қатнады, сөйтип өкпеси өшип, «түслик пайыт жақынлады ма екен» деп турғанында дәрўазадан қарны қампайған, келте бойлы киси шығып, буны шақырды. Ол орысият тәрепинен «Ярославль» мануфактурасына тийисли Таша-

ўыз пахта тазалаў заводына басшы етип қойылған адам еди.

— Әй, қарақалпақ! — деди ол әптен тоңып ҳәм пүткиллей ҳалдан кетип турған Аллаярға. — Сениң хызмет орның қысқарды, ҳәзирден баслап жумыстан азатсаң, кеңсеге кирип, есапласып, хызмет ҳақыңды ал да кете бер, төрт жағың қубла енди!

Күтилмеген кеўилсиз хабардан Аллаяр тас болып қатып қалды, өйткени жумыссыз қалыўбул өлим менен тең еди.

— Енди не қыламан, баслық! — деди ол аяқ-қоллары қалшылдап. — Реҳимиңиз келсин маған, аўылдағылар да меннен үмит етип, палапандай аўзын ашып отырып еди.

— Билмеймен, өзимниң басым мең-зең болып тур. Жер жүзлик урыс басланды. Ҳәзир Россиядағы рус рабочийларының көпшилиги солдатлыққа мобилизацияланған. Сонлықтан орайдағы саңаат кәрханаларында ислейтуғын рабочий күшлериниң кемлигине байланыслы патша ҳүкимети орысият қарамағындағы журтлардың жергиликли халықларынан мәрдикарға адам алыў ҳаққында қарар шығарды. Бүйтип сандалып жүргенше мәрдикарға барғаның абзал емес пе! Ҳәзирги нырқ сондай: ақ сүйек-мың тилла, қул менен нашар адам-бес жүз тилла. Хожалығың ушын ол да үлкен қәрежет ғой.

Аллаяр ойланып қалды. Бул ўақытта завод директоры ат жегилген, әшекейли файтон арбасына минип атырған еди. Сол пайытта туў сыртынан шыққан таныс адамның даўысы оның ойларын бөлип жиберди.

— Ҳей, Аллаяр, неғып турсаң үскиниң қуйылып, түсликке шықпайсаң ба! - деди өзи қусаған жарлы жигит.

Бул Палымбет еди. Буның менен тәғдирлес болғанлықтан ба, я русша билгенлиги ушын ба, кемсаўатлы бул қазақ жигити Аллаярды өзгелерден гөре өзине бир нәўийе жақын көретуғын еди.

— Пай, сен-әм қаяқтағы түсликти айтасаңаў, ал мен болсам жумыстан пүткиллей босап қалдым.

— Ҳаў, солай ма еле, айттым ғой саған, «биз екеўимиз тәғдирлеспиз, алақанымыздағы сызықларымыз бирдей» деп, мен де тап сен сяқлы жағдайға түстим, мине ең соңғы напақаны қолыма алдым. Бар сен де есаплас, иркилмей жолға шығайық.

— Болады.

Олар маңлай терин төгип тапқан азы-кем пулларына қуўырдақханаға кирди. Нийетлери арқадағы Аралды еслеп, көптен ҳәўес еткен балық қуўырдаққа қарынын бир тойдырыў еди.

— Ал енди Хийўаға тартамыз, — деди балықтың сүйеклерине шекем шайнап таслаған Палымбет.

— Ҳе-е, ол жерде не бар!

— Не болатуғын еди, Хийўада тап усындай пахта «заўыт» бар, үйреншикли кәсибимиз бойынша жумыс сораймыз.

— Пай, қызық екенсең, бул заводлардың ийеси бир, бул жерде адам қысқартып атырған екен, демек, ол жерден де жумыс таба алмайсаң, оннан да ата журтымыз- үйреншикли Төрткүлге бара берейик. Билесең бе, мен ол жерге хожалықты көширип алып келип едим, соң талап излеп Хийўаға, Ташаўызға шығынып кеттим. Ҳәзир олардың күнлери не кешип атырғанын қудай билсин.

— Мейли, неде болса мени қасыңнан қалдырма, өтинемен сеннен, «мениң барарға жерим, қонарға көлим жоқ», журдай жетиммен.

— Яқшы. Кеттик онда.

Олар жолға рәўана болды. Ташаўыздан Төрткүлге баратуғын туўры жол жоқ еди, бәрибир Хийўаның үстинен өтиўге туўра келди. Еки адам жеп турған соң не болсын, оның үстине жол кирей деген бар, Хийўаға келгенде олардың напақа ушын алған азы-кем пуллары таўсылды. Екеўи жалланып дус келген жумысты иследи. Пахта завод та, ун қараз да, базар-

дағы хызмет те булардан қалмады, сөйтип илажлап, жол-жөнекей пул тауып, өлдим зорда Төрткүлге келди.

Сол баяғы қарабахана жайдан әке-шешесин, ғәрип анасы Күнбийкеден туўылған қаналаслары-Алламберген менен Таңсықты тауып алды. Олар да бир тапса, бир таппай, зорға түтин түтетип, «алла-алла» менен күнелтип отырған екен. Аллаярдың келгенине «жерден жети қоян тапқандай» қуўанып қалды.

Лекин Төрткүлде күн көриў қатты қыйын еди. Биринши жер жүзлик урыстың ҳәўирли самаллары Әмиўдәрья бойларына да жетип келип, тәсирин тийгизе баслады. Ашлық, жумыссызлық бул жерде де ҳүким сүрди. Ҳәптелеп нәр татпай, исип-кеўип атырған адамлар қарабаханаларда есап-сансыз еди.

Бул жағдайларда Аллаяр да ҳеш жерден жумыс таба алмады. Ақыр соңында хожалық ағзаларын аштан өлтирмеў ушын нәйиләж мәрдикарға жазылды.

Киндик қаны тамған әзиз топырақты таслап, ғайры журтларға кетиў Аллаяр ушын аңсат емес еди. Ол бир жазылыўға жазылса да, мәрдикарға кетпей, мойынтаўлық етип бираз жүрди. Ақыр соңында ояздың алдына шақырылған ол кетиў ушын келисим бериўге мәжбүр болды.

Сол хошласыў түнин ҳешкимниң басына салмағай. Дәслеп ғәрип анасы, соң кеўли елжиреп қарындасы Таңсық, Аллаярдың мойнына асылып жылады. Әкеси, иниси Алламберген, тағдирлес досты Палымбет те, көз жас төкпегени менен қапашылықтан қайысып, жер сызып турар еди.

— Ҳеш гәп, туўысқанлар, — деди сонда Аллаяр өзин қолға алып, аманлық болса, мен демде-ақ аўылға қайтып келемен, ел көремен, жер көремен, бәлким, орысияттан да дос-яран табарман, мен ораламан дегенше үйге Палымбет көз-қулақ болып турады, қудайға шүкир, Алламберген де ер жетип киятыр, оның да қол-қабысы тийер, ағамның болса, дәслептен-ақ дийқаншылыққа уқыбы бар, шеп болмассыз, мына азы-кем пулды үнемлеп, қәрежет етерсиз.

Аллаяр үй-иши менен усылай хошласты. Мәрдикарға оны Палымбет узатып салды.

...Ол дәслеп Сызраньда депода иследи, өзиндей кәмбағал рус рабочийлары менен танысты, тағдирлес болды. Бул жерде ҳәмме менен тил таўысып, сөйлесип кетиўине жаслайынан татар, армян байларына от жаққыш болғаны, қарақалпақ жерин изертлеў ушын келген рус инженер-геодезистлерине ерип, жумыс ислегени пайда етти. Соң ол өзи менен қәдирдан дос болып кеткен рус жигитлери менен бирликте Петроградтағы Путилов заводына хызметке өтти.

Бул уақытта Түркстанның көпшилик жерлеринде миллий-азатлық көтерилислери жүз берип атырған еди. Бул қозғалаңлар рус пролетариатының империалистлик урысларға қарсы қаратылған революциялық ҳәрекетлери менен уласып кетти. Буның барлығын Аллаяр өз көзи менен көрди, бул өз гезегинде қаратабан қарақалпақ жигитиниң сана-сезиминиң өсиўине айтарлықтай тәсир етип, оның ел сүйер, саналы азамат болып жетилисиўине пайдасын тийгизди.

1917-жылдың февралында ол еле Петроградта еди. Россияда буржуазиялық-демократиялық революция жеңиске ерисип, ақ патша тахтынан қулатылып, мәмлекетти басқарыў бийлиги ўақытша ҳүкиметтиң қолына өткеннен кейин ол өзиниң жолдаслары менен мәрдикарлықтан азат етилди. Енди киндик қаны тамған, туўылған топырақ, ел сағынышы оны Әмиў бойларына тез жетиўге асықтырар еди.

## 2. Өмирге жаңа адым

Россияда орнаған Октябрь инқылабының жеңиси көп узамай Түркстанға да жетип келди. Деген менен қыйыншылықтың барлығы еле алда еди. Елде шет ел әскерий интервенциясы ҳәм азаматлық урыс басланып кетти.

Ел басына күн туўған сол бир машақатлы дәўирде Аллаяр ықтыярлы түрде, биринширлер қатарында қызыл армияға ағза болып кирди. Жаўынгер дослары менен бирликте ант қабыл етти.

Бул 1918-жылдың 31-декабри еди. Петро-Александровсктеги биринши Хийўа революциялық батальонының екинши ротасында хызмет ете баслаған дәслепки күннен баслап Аллаяр ўатанына садық болды, саўашларда есап-сансыз мәртликлер көрсетти. Оның менен әскерликте қарақалпақ жигитлеринен үшинши ротада Жаббарберген Арзымов, екинши ротада Оразымбет Халмуратовлар болды. 1918-жылдың 21-декабринде ол усы жерде большевиклер партиясының қатарына өтти.

Бул бир қанлы саўаш жыллары еди. 1918-жылдың ноябрь-декабрь айларында Жунайдхан нөкерлери Петро-Александровскти алыў ушын ҳүжим жасады. Қала узақ қамақта болды. Мине усындай қыйын жағдайларда халық пенен бирге турып, басқыншыларға төтепки берген қызыл әскерлер қатарында Аллаяр да бар еди.

Қаншама қарсылықлар болса да, контрреволюциялық күшлер өз нийетлеринен қайтпады. 1919-жылы олар Бухара әмири Әлимхан, геллекесер Жунайд нөкерлери ҳәм Гурьев казакларының генералы атаман Толстовтың қоллап-

қуўатлаўында Әмиўдәрьяның қуяр жеринде жаңа дизимге қарсы көтерилиске шықты. Сол жылдың августинде топалаңшылар топары атаман Фильчев ҳәм Сальниковлардың басшылығында күтпегенде Шымбай ҳәм Заирды жаўлап алды. Ақ казакларға Хан Мақсым ҳәм Балабийдиң жигитлери қосылды. Олар бастан-аяқ жақсы қуралланған болып, улыўма саны еки мыңнан аслам адамды қурайтуғын еди.

Усылай халық ҳәр тәреплеме албырап турған бир пайытта Арал теңизи транспортын басқарыўшы Шилов топалаңшылар тәрепине өтип кетип, ол жерде барлаўшылар ҳәм байланысшылардың баслығы лаўазымын ийеледи. Сол ўақытта Шымбай тоғай хожалығы бөлиминде Дементьев деген бир киси ислейтуғын еди. Қатардағы әпиўайы, тек ғана өз ўазыйпасын мүлтиксиз орынлап жүрген бул адам топалаңшылар Шымбайға келиўден ақ, казаклардың алдына жуўырып шығып, дәрҳал белгили хызметкер болып алды. Жаўлап алынған еллердиң халқы бул жыртқыштың ҳәрекетлеринен шыдап болмаслық дәрежеде азап шекти. Сондай-ақ, топалаңшылар қатарынан бурынғы штабс-капитан Петров, прапорщик Сафаров, Петро-Александровск гарнизонының қатардағы жаўынгери Семенычев та солар қатарынан орын алды. Қызыл әскер топарлары

қолға түскенде Семенычев атылатуғынлардың дизимин жеке өзи дүзди, лекин бийгүнә адамлардың наҳақ қаны қойсын ба, саўашлардың биринде оның өзиниң жаны да жәҳәннемге кетти.

Халық саўатсыз ҳәм сада еди. Соның нәтийжесинде олардың бирли-ярымы қаяқлық боларын билмей ығысып жүрди. Топалаңшылар арасына өтип кеткен жергиликли халық ўәкиллери, қызыл әскерлер де болды.

Усындай бир пайытта Закаспий фронтының штабы Чаржоудан пароходта Шайдаковтың басшылығында әскер жиберди. Оның қурамында барлық миллеттиң ўәкиллери: қырғызлар, қазақлар, тәжиклер, түркменлер, өзбеклер, татарлар, қарақалпақлар, руслар, дунганлар, ҳәттеки цыган да бар еди.

Әмиў бойларындағы топалаңларды басқаннан кейин Аллаяр Шайдаков әскерлери менен бирликте Хорезмге келди. Қайда болмасын, ол мудамы алдыңғы сапта жүретуғын еди. Сонлықтан да Хорезм республикасы революциялық әскерий кеңесиниң қарары менен Аллаяр көрсеткен айрықша ерликлери ушын «Мийнет ордени» және баҳалы затлар менен сыйлықланды. Оған жеке сақлаў ушын наган ҳәм 60-70 оғы бар бир карабин берилди.

Оның еле қызыл әскер тағамынан тататуғын дузы көп еди. Ол биринши Түркстан атқыш-

лар дивизиясының үшинши ҳәм төртинши полкларында болды. Қызыл әскер сыпатында Урал фронтында қатнасты.

Атлы әскерлердиң уллы сәркардасы Чапаевтың душпан оғы тийип, Орал дәрьясына шүмип, набыт болғанын еситкенде Аллаярдың қайғыдан сай қабырғасы сөтилди. Себеби, олар бир фронтта, бир-биринен онша қашық емес жерде душпан менен айқасып атырған майданлас жаўынгерлер еди.

1920-жылы Қоңыратта совет ҳүкимети орнатылды. Бирақ ол көп турған жоқ. Жасырынып қалған баспашылар менен жаңа дүзимниң душпанлары Тошмық хан ҳәм оның нөкерлериниң басшылығында топылыс жасап, ҳүкиметти тарқатып жиберди.

Нәтийжеде 1921-жылы Хорезм республикасы Аллаяр Досназаровты арнаўлы тапсырма менен Қоңыратқа жиберди. Оның менен бирге келген қызыл әскерлердиң ишинде Қудайберген Бекниязов деген қарақалпақ жигити де бар еди. Аллаяр өзине жүкленген тапсырмаларды инабат пенен орынлады, әдеўир ўақыт округлик партия комитетиниң жуўаплы хаткери болып иследи, күн демей, түн демей хызмет етип, бираз шөлкемлестириў жумысларын жүргизди. Сол дәўирде мийнеткешлерди бир мақсетке тығызырақ жәмлеўде оған Қоңырат районлық дий-

шылар партиясының жуўаплы хатшысы Ораз Ерманов, жаслар шөлкеминиң хатшылары Пиржан Бекишев ҳәм Рахим Мәжитовлар, районлық халық ағартыўшақабының баслығы Сейфулғәбит Мәжитов, ҳадал хызметине бола соң районлық комитеттиң ағзалығына сайланған Жаббарберген Бекишев ҳәм Аллақул Айтақовлар жақыннан жәрдем берди ҳәм исенимли қол-қанатлар болды.

Июль айының орталарында биринши Түркстан атқышлар дивизиясының екинши партия конференциясы болды. 1921-жылдың 18-июлинде 94 адам қатнасқан кешки мәжилисте Түркстан коммунистлик партиясының алтыншы съездине делегатлар көрсетилди. Сонда сайланған 35 делегаттың ишинде қарақалпақ перзенти Аллаяр Қораз улы Досназаров та бар еди.

### 3. Халық хызметинде

Азаматлық урыстың жалыны семип, аўыл ҳәм қалаларда кем-кем жаңа өмир өз орнын ийелей баслады. Енди парахат турмыс, келешек ҳаққында ой жуўыртыў керек еди. Аллаяр русларға ерип, тийип-қашып ашқан саўаты менен ҳеш жерге бара алмайтуғынын сезинди. Нәтийжеде ол оқыўға жибериўин өтиниш етип арза жазды ҳәм Хорезм компартиясы А.Қ.Дос-



RESPUBLIKALIQ
TA'LIMLEME-RESURSLIQ
ORAYI
INV № 83392

назаровты билим алыў ушын Я.М.Свердлов атындағы Шығыс халықларының коммунистлик университетине жоллама менен жиберди.

Мәрдикарлықты басынан кеширген Аллаяр ушын Россия қалалары онша таң емес еди. Лекин ол Москвадағы турмыс қәлпиниң әдеўир өзгергенин өз көзи менен көрди. Ол өзиниң алған тәлим-тәрбиясын өзи туўылған үлкесинде иске асырыўды әрман етти. Университетте алған билимлерин өз халқына тез арада жеткериўге асықты.

Ол өзиниң туўылып өскен мәканына гүздиң ақырғы күнлеринде келди. Усыған байланыслы Шымбайда кишкене митинг болды. «Ал-ҳә, Аллаяр келеди» деп сағынысқан аўылласлары геўгим түссе де, шом жағып күтип, арба жолдың еки жағында турды.

Ол ат жеғилген файтон арбадан түсти. Аллаяр жаптың ырашының басында, ал жыйналғанлар оның төменинде турды. Бираздан кейин ол туўған жердиң келбетине көзи тоймай, әтирапты бир шолып, қаснақлы шәпкисин қолына алып, жазықлықта кең нәпес алып турған алқымын қысып баратырған кителиниң ең жоқарғы сәдебин жаздырып, қысқаша сөз сөйледи:

— Қәдирдан халайық! Бермаған нәзер салып бир қараң, мен мына нәрўан байтеректи жыға аламан ба!! — деди Аллаяр.

Этирапта үнсизлик ҳүким сүрди, бираз ўақытқа шекем адамлар бир-бирине қарап, иин қысып, жуўап бериўге батына алмады. Сонда көпти көрип, көкирегин басқан, жыйналған жәмәэттиң ишиндеги ең саўатлысы Асан дилмаш ортаға шығып;

— Аллаяр, қарағым, мени әпиў ете-гөр, бирақ ырасын айтайын, сениң бир өзиң нәрўан теректи жыға алмайсаң, — деди.

— Рахмет сизге, ҳақыйқат гәпти айттыңыз, мениң күткеним де сол еди, демек усылай екен, бирлик ҳәмме нәрседен де күшли...Енди мениң гәпимниң мәнисине түсиндиңлер ме! — деди Аллаяр.

— Түсиндик,— деп жуўап қайтарды халайық.

— Онда мени көп күтип, шаршаған шығарсызлар, ҳүрмет-иззетлериңиз ушын рахмет, үйлериңизге қайта бериңлер, — деди ол.

Аллаяр аўылларды бирме-бир аралап, усылай ўаз айтатуғын еди. Қарақалпақ халқының тарийхын, Бердақ шежиреси менен салыстырып изертлеп, онда айтылмаған мағлыўматларды атлары Әмиўдәрьяның арқа тәрепинде дуйым журтқа белгили Султан бий ҳәм Арзымбет қазыдан жазып алды. Ол үйме-үй кирип, қарақалпақлардың миллий кийимлерин жыйнады. Ҳәр келгенинде ол шөгирме, бәйкеми етик,

шапан, қос баўы, түйе жүнинен тоқылған шекпен, ҳешбир халықтикине усамайтуғын қарақалпақ ҳаял қызларының кийимлерин ҳәм тағыншақларын Москваға алып кететуғын еди.

Орайда бурынғы СССРдың дүзилиўине бағышланып өткерилетуғын пүткил россиялық орайлық комитетиниң сессиясына таярлықлар қызғын ҳәўиж ала баслады. Аллаяр мине усы үлкен әнжүман алдында қарақалпақ миллетиниң атынан ўәкил болып барып, Михаил Иванович Калинин менен ушырасыў мүмкиншилигине ийе болды. Ол тек ушырасып қойған жоқ, қарақалпақ халқының аянышлы тарийхын, оның миллий кийимлерин көрсетип, қосығын айтып берип, қарақалпақлардың Орта Азиядағы басқа халықлар сыяқлы өз алдына миллет екенлигин уғындырды ҳәм теңлик сорады.

— Рус тилин қаяқтан үйрендиң! — деди сонда Калинин.

— Русшаны дәслеп бизге келген рус инженерлерине ерип жүрип, соң мәрдикарлықта үйренгенмен, — деди Аллаяр.

— Оҳо, сиз бизге оғада керек адамсыз, сизиң менен еле бирге ислесемиз, миллий территориялық мәселелерди шешемиз, — деп оның арқасынан қағып қойды М.И.Калинин.

Тарийхый ўақыяларға толы ҳәр бир күн усылай өте берди. Күншығыс қуяшына тапла-

ып өскен Аллаярға салқын самаллы, ләмгершиликли Москва енди өз тәсирин тийгизе баслады. Арқаның аязы оның жупыны кийимлерин мисе тутпай, жети жүйресинен өтип, ол дөслеп аязлап аўырды, соң күтимниң болмағанлығы себепли ден-саўлығы әптен төменлеп кетти. Шыпакерлер енди климатты өзгертиў кереклигин айтты. Олардың буйрығына көнлигиўге туўра келди. Ол енди аўылына қайтса да, қәлеген ўақытта университетке келип оқыўын даўам етиў ҳуқықындағы тыңлаўшы болып қалған еди.

## 4. Туңғыш муҳаббат

Хийўа. Әййемги естеликлерге бай бул қаланы Аллаяр оғада унататуғын еди. Уллы бабасы Айдос, данышпан шайыр Әжинияз оқыған бул шәҳәрге сүйсинип, ол ақша булытларға теңескен нағышлы минаралардан көзин ала алмай узақ қарап турды. Лекин «меникин ал» деп қыйқыў салып атырған сатарманлардың даўысы оның дыққатын өзине аўдара берди.

Ол «үйге базарлық алайын» деген нийетте жайма дүканлар тәрепке жақынлады. Қәпелимде ол аламан ағысына араласып, бир сары сышлы нашарға бетпе-бет келип, дусласып

қалды, ол да буннан көзин алмады, бул да оннан нәзерин басқа жаққа бурмады.

— Бунша көп қарадыңыз, ҳе-е, мени биреўге усаттыңыз ба! — деди бир ўақытта Аллаяр қызға.

—Аўа, усаттым, сиз татарсыз ба! — деп сорады қыз.

—Яқ, қарақалпақпан.

—Қой-әй, онда неге сап-сарысыз, татардың дәл өзисиз ғой!

—Неге енди, сары сынлы адамлардың барлығы татар болыўы керек пе!!

—Яқ-аў, мәзи айтып атырман, қарақалпақтың жигитлери қарапәрең болады-аў, деп пәмлейтуғын едим, демек, алжасып жүрген екенмен-дә, услайтип көрмегениңди көре бересең, билмегениңди биле бересең.

—Қәне, себетиңди бер, көтерип жүрейип, қолың талған шығар.

—Себет деген не!

— Мына қолыңдағы корзина дә, бизде оны усылай атайды, мен өзи тал шыбықларынан талайын тоқығанман, марҳум анам бийшара таўықлардың туўған мәйеклерин «сынып қалмасын» деп соған салып, муқыятлап үстин бастырып қоятуғын еди.

—Анаңыз қайтыс болды ма! — деди енди қыздың буған реҳими келип.

— Аўа, мен әскерликте жүргенде қайтыс болған.

— Исми ким еди анаңыздың!

— Күнбийке.

— Қызық, бизлердеги Сүйинбийке деген атқа уқсас екен.

— Аўа-дә, түби мусылманбыз ғой, ақыры.

— Ал, сениң атың ким!

— Аллаяр. «Алласы яр болсын» деген мәниде қойған ата-анамыз. Танысайық, сениң исмиң ким болады!

— Зәкийра.

— Ҳе-е, бизде де бар ондай ат, лекин «Зәҳийра» деп аталады.

— Ой-бой, дым жақынласып кеттик ғой.

— Оның не зияны бар, қайтама жақсы емес пе! Үйленбеген жигитпен. Мақул десең, үйленип, сени Шымбайға алып кетемен. Мени сол жаққа жумысқа жиберип атыр.

— Шымбай! Ол қаяқта!

Әмиўдәрьяның Аралға қуяр таманында, Төрткүл сыяқлы қарақалпақтың бас қалаларының бири.

— Ҳе-е, түсиндим. Айтпақшы, үйленбедим дейсең бе, неге бүйтип жүрсең, қарақалпақта қызлар аз ба!

— Көп ғой, бирақ негедур бизиң ата-бабаларымыз көбирек ноғайларға, татарларға үй-

ленген, белгили Қулен болыс та, олар менен байланыста болған, «уралский»лерге шолан дүзеттирип, қысы-жазы балықларын сонда сақлаған, балалары башқурт-татарлардан тәлим-тәрбия алған. Мениң де Төрткүлде бир танысым бар еди.

— Ол мениң әкем шығар, «Оренбургтан келдим» деген жоқ па еди, аты Фахрутдин болса, сол болғаны, ағартыў ислери менен шуғылланып жүрген оны татар болыўына қарамастан негедур ҳәмме «ноғай» дер еди.

— Мүмкин, ол ҳәзир тири ме!

— Аўа, жақында ата-мәканына-Оренбургқа көшип кетпекши.

— Мен ол кисини барып көрейин, рухсат па!

— Мейли...

Аллаяр орынборлы татардың Хийўадағы ҳәўлисине келди. Ерли-зайыплылардың екеўи де, миймандос адамлар екен, буны жыллы жүзлик пенен қарсы алды.

— Бул ким, күйеў бала ма, қызым! — деди әкеси.

— Аўа! — деп ҳәзир жуўап бергенин Аллаярдың өзи де билмей қалды, кейин пикирин бир жерге жәмлеп, сөзин даўам етти.-Фахрутдин аға, «өлимнен басқасының ертеси жақсы» деген нақыл бар қарақалпақта, егер сиз қарсы бол-

май, келисим берсеңиз, қызыңыз Зәкийраның қолын сорамақшы едим.

— Жүдә мақул, — деди ол көп егленип, ойланып турмастан.

— Яғ-аў, яғ-аў, бул қарақалпақ ғой, аға,- деп шыжа-пыжа болды сонда Зәкийра.

— Болса не бопты, қайтама жүдә жақсы, қарақалпақ деген бир аңқылдаған, ақ көкирек халық. Бунын бабасы 1873-жылы Россияға барып, патшадан арнаўлы жарлық алып келген. Сондай адамлардың әўләды қолыңды сораса, биймәлел қайылшылық бере бер, қызым.

Қызы ушын мәселени әкеси дем де, шешип таслады. Буған анасы да, қарсылық көрсеткен жоқ. Солай етип, олар сол күни түнде орынборлы Фахрутдин татардың Хийўадағы ҳәўлисинде Аллаяр менен Зәкираның қосылыў тойын белгиледи.

Той дастурханына бир кастрюль суўға писирилген картошка, дузланған бир банки қыяр қойылып, бир литрлик самогон ишилди. Соң гәп базары гүжип, үй ийеси буннан Жаббарберген Арзымов, Оразымбет Халмуратов, Абдулла Ермановлардың исмлерин атап, ҳәзир олардың қаяқларда екенлиги менен қызықсынды.

— Ҳаў, сиз мениң аўыллас ҳәм қураллас досларымды қаяқтан билесиз! — деп таңланды Аллаяр.

— Билемен, билемен, тап сениң өзиңди де, босагадан атлаған ўақтында-ақ таныдым. Төрткүлде ликбез ашып, сизлерди оқытқан мен ғой, соң ден-саўлығыма бола, ағартыўшылық ислерди қойып, билимлендириў тараўына араласып кеттим. Көрсең ол азаматларға меннен сәлем айт,— деди Фахрутдин «ноғай».

— Болады, болады, айтаман, — деп ўәде берди Аллаяр.

Кемпир орысшалап булар екеўине төсек салып берди, нәўқыраң жаслық тә, сезимге берилип кетип, азанға шекем екеўи уйқыламай таңды атқарды.

Азанда кемпир буларды шайға «оятты». Стол дөгерегинде төрт киси болып отырды. Ақшамғы ўақыялардан хабардар кемпир, «түйениң көпирден өткенин» билип, қызының түйиншигин әлле қашан таярлап қойған екен.

Олар Зәкийраның ата-анасынан пәтия алып, жолға рәўана болды. Екеўи де дәслеп Шымбайға, кейин сол арқалы Тахтакөпирге жетиўге асықты. Аллаяр туўылып өскен жерин сағынса, Зәкийра қарақалпақ ели менен танысыўды ҳәўес етип, оның халқын, үрип-әдетин көриўге қызықсынып, атасы менен енесине ийилип сәлем бериўге талпынар еди.

1923-жылдың 20-августынан баслап Аллаяр Шымбай угоркомының үгит-нәсият

бөлиминиң баслығы болып жумыс ислеўге киристи. Жергиликли халықтың турмыс жағдайын, мүтәжин анық сезиўи ҳәм оның менен ислесе билиўи Аллаярдың жумысының алға илгерлеўине ҳәм мийнеткешлер арасында ҳүрмет абыройының асыўына жәрдем етти.

Ол 1923-жылдың ноябринде шақырылған Әмиўдәрья областы советлериниң тоғызыншы съездине, 1924-жылдың январында Ташкентте өткерилген Пүткил Түркстан советлериниң он екинши съездине делегат болып қатнасты.

Съезден кейин Түркстан АССРының жер ислери бойынша халық комиссариаты Аллаяр Досназаровты Әмиўдәрья областы тоғай хожалығының баслығы етип бекитти. Қай жерге иске бармасын, ол өзиниң искерлиги менен көзге көринди. 1924-жылдың 31-мартында өткен Әмиўдәрья областьлық партия конференциясында ол тексериў комиссиясының баслығы болып сайланды.

### 5. Қарақалпақ ел болсын деп...

Түркстанда Октябрь инқилабы жеңгени менен қарақалпақ халқы 1924-жылға шекем анық мәнисинде еркинлик ала алған жоқ. Бир пүтин халық екиге бөлинип, Әмиўдәрьяның оң жағалығындағылары — Түркстан АССРының, ал шеп тәрепиндегилери — Хорезм халық республикасының сорамында болды.

1924-жылдың 5-апрелинде РКП(б) орайлық комитетиниң сиясий бюросы Орта Азия коммунистлик шөлкемлериниң Түркстан, Бухара ҳәм Хорезмниң миллий шегараларын белгилеў ҳаққындағы усынысларын алдын ала қарап шықты ҳәм оны тийкарынан қоллап-қуўатлады. Ҳақыйқатында бул дурыс шешим еди, соған қарамастан бул жақсы нийет ҳәрқыйлы қарама-қарсылықларға ушырады.

1924-жылдың 8-майында Хорезм компартиясы орайлық комитетиниң секретары Қәлендер Әдинаев, ХССРдың ишки ислер министри Абдусаламов, ХССРдың Ташкент қаласындағы бас консулы Якубов ҳәм ХССР госпланының баслығы Шулимовлар РКП(б) орайлық комитетине хат жиберип, онда өзбек, қарақалпақ, түркмен халқын өз алдына республика етип дүзиўдиң қәжети жоқ, олар бурынгы қәлпинде Хорезм республикасының қурамында қала бериўи керек, Ал Түркстан АССРының Әмиўдәрья областын Хорезмге қосып бериў шәрт, деген талапты қойды ҳәм солай етип олар 1873-жылға шекемги Хийўа ханлығының бурынғы шегарасын қайта тиклеўге урынды.

1924-жылдың 12-июнинде РКП(б) орайлық комитетиниң сиясий бюросы «Орта Азия рес-

публикаларының (Түркстан, Бухара ҳәм Хорезмниң) миллий шегаралары ҳаққында»ғы мәселени қарап шығып, Өзбекстан, Түркменстан ҳәм Тәжикстан Республикаларын дүзиў туўралы қарар қабыл етти. Бунда Қарақалпақстан ҳаққында мәселе қаралмады. Солай етип, Орта Азия Республикаларының миллий мәмлекетлик шегаралары белгиленип атырған бир пайытта, айырым басшылар әўел баста қарақалпақларды миллет сыпатында мойынлағысы келмеди.

Жапакеш халқының тәғдири итибарға алынбай атырғанына Аллаярдың кеўли толмай, күйип-писти. Ол тап қызған табаға тирилей түскен балыққа мегзер еди. Оның гәпин ҳешким тыңламады, сөзин итибарға алдыратуғын ҳәмел де жоқ еди онда. Областьлық партия конференциясында қадағалаў комиясcиясының жаңа ғана баслығы болып бекитилген оны басшылар менсинбейтуғын еди. Әмиўдәрья обкомпартиясының секретары А.Добрый 1924-жылдың 6-июлинде РКП(б) орайлық комитетине жоллаған «Областьтың экономикалық ҳәм сиясий жағдайы және партия шөлкемлериниң жумысы ҳаққында»ғы жабық хатында Аллаяр Досназаровқа былай минезлеме берди: «Пленум тәрепинен қадағалаў комиссиясының баслығы лаўазымына жолдас Досназаров көрсетилди.

Шығысы бойынша батрак, бир жылдан аслам ўақыт Москвада КУТВда оқыған, тилекке қарсы мийиндеги алжасықтан басқа ол жерден ҳештеңе алмаған...» — деп жазған еди ол.

Кисиге жаманлық етип көрмеген, ҳешкимнен жаманлық күтпеген Досназаров бундайлардан бийхабар еди. Бул гезлери Аллаярдың ден-саўлығы төменлеп, шыпакерлик тексериў комиссиясының қарары менен оған еки ай мүддетинде Ташкент қаласында ҳаялы менен бирге арнаўлы дем алыў усыныс етилген еди. Орта Азия республикаларының миллий-мәмлекетлик шегаралары белгиленип атырғаны жөнинде хабарды еситкен ол аўырыў дегенди пүткиллей умытып кетти. Жеке басының ғамын ҳасла ойлап көрмеген Аллаяр емлениў ҳәм дем алыў машқалаларын ысырып таслап, РКП(б) орайлық комитетиниң Орта Азия бюросының атына хат жазды ҳәм онда «Қарақалпақ халқына еркинлик бериў ҳаққында» мәселени көтерди.

Ол өз хатында қарақалпақ халқының жагдайын баянлап, РКП(б) орайлық комитетиниң Орта Азия бюросынан Әмиўдәрья областының жергиликли халқы ушын бирқанша иләжларды көриўди соранды ҳәм жуўмагында Әмиўдәрья ҳәм Хожели ўәлаятларын бириктирип, оның тийкарында Қарақалпақстан автономиялы

областын дүзиўди усыныс етти, буның экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўға айтарлықтай тәсийрин тийгизетуғынын айтты.

Хатқа көп ўақытқа шекем жуўап болмады. Ақыр соңында күтип шыдамы таўсылған Аллаяр Орта Азия республикалары миллий шегараларын белгилеў бойынша территориялық комиссияның ағзаларын ол өзи излеп барып таўып алды. Лекин қолында арнаўлы ҳүжжети болмағаннан кейин комиссия ағзалары буның менен дурыслы сөйлескиси келмеди. Сонда да Аллаяр кеўлиндеги мүддәҳәсин буны тыңлағысы келмеген оларға айта берди, айта берди. Ақыр соңында мийи ғыр болған комиссия ағзалары оны жағасынан сүйреп, есиктен сыртқа шығарып жиберди. Аллаяр үшинши мәртебе ишке кирмекши болып оқталғанында, есикти олар иштен қулпырып таслаған екен, лекин жаздың күни болғанлықтан терезе ашық еди. Айнадан секирип, «дүрс» етип ишке түсти Аллаяр. Сонда иште отырған жигитлер буны сабамақшы да болды. Арашаға жигит ағасы болған бир орыс киси түсип, олардан айырып алды. Ол территориялық комиссияның баслығы И.А.Зеленский еди.

— Ал айт, бирәдар, не демекшисең! — деди ол Аллаярға.

— Ой, айтатуғын гәпим көп, Орта Азия Республикаларында жасаўшы бәрше миллетлер сыяқлы қарақалпақлар да өзиниң әййемги тарийхына, тилине, мәдениятына ийе халық. Ол өзиниң мәмлекетлик дүзимине, шегарасына ийе болыўы шәрт, оны мен мына хатымда кеңирек жазғанман, танысып көриң, — деди ол, РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азия бюросына қарақалпақ халқына еркинлик сорап жазған хатын оның алдына қойып атырып.

Зеленский бирнеше беттен ибарат хатты асықпай, дыққат қойып оқып шықты да, көз әйнегин қолына алып, таң қаларлық пишинде:

— Оҳо, хатты жүдә исенимли дәлиллер келтирип, саўатлы жазыпсыз, сиз өзиңизди таныстырмадыңыз, кимсиз өзи! — деди қызықсынып.

— Мен Аллаяр Досназаровпан. Ҳәзир Ташкентке еки ай мүддетке емлениўге келгенмен, бурын қызыл әскер болдым, Москвада шығыс халықларының коммунистлик университетинде оқыдым, районлық ҳәм областьлық партия комитетлеринде жуўапкерли жумысларда иследим,— деп ол Зеленскийдиң алдына гүўалық қағазларын жайып таслады.

— Оҳо, бизге өзи сиздей азамат керек, ертең азанда усы жерге кел, территориялық комиссияның шөлкемлестириў мәжилиси болады, биз сизиң менен еле көп жумыслар ислеймиз,

сизлерди таныстырып қояйын, бул киси Хорезмнен- Султан-Кары Жуманиязов, ал бул- Калугин — деди ол.

1924-жылдың 16-августында Орта Азия республикалары миллий шегараларын белгилеў бойынша территориялық комиссиясында «Жаңадан дүзилген республикалар қурамындағы миллий азшылық (қырғыз ҳәм қарақалпақлар) ҳаққындағы» мәселе додаланды. Онда территориялық комиссия миллий азшылықты (Бухара менен Хорезм қырғыз ҳәм қарақалпақларын) басқарыў формаларын ислеп шығыў мәселеси бойынша киши комиссия дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Ол қарақалпақ миллий азшылығы бойынша Хорезмнен: К.Сағдуллаев, Султан-Кары Жуманиязов, ал Әмиўдәрья ўәлаятынан: А.Досназаров, О. Ерманов, Ф.Я.Калугин қурамында дүзилди.

17-августта Орта Азия республикаларының шегараларын белгилеў бойынша комиссия өз жумысын даўам етти. Комиссия жумысында А.Досназаров шығып сөйлеп, қарақалпақ областының шегаралары ҳаққында мәселени ҳәзирше қозғамай турыўды, өйткени Хорезм республикасының өзбеклер жасайтуғын бөлеги ҳәм Түркменстанның шегараларында тартыслы мәселелердиң бар екенлигин, ал қырғызлар (Қазақстан) шегарасында бундай мәселелердиң

жоқ екенлигин баянлады. Нәтийжеде А.Досназаровтың усынысы бойынша Қарақалпақ областының шегаралары жөнинде қарақалпақларға анық жоба ислеп шығыў мүмкиншилигин бериў пикири мақулланды. Бул жоба ушын комиссия оларға 5-6 күнлик мүддет белгиледи.

1924-жылдың 19-августында саат 11 де Ташкент қаласында Ф.Я.Калугинниң басшылығында территориялық комиссияның қарақалпақ мәселеси бойынша биринши шөлкемлестириў мәжилиси болып өтти. Мәжилиске Әмиўдәрья ўәлаятынан А.Қ.Досназаров, Хорезмнен Султан-Кары Жуманиязов ҳәм Ф.Я.Калугин қатнасты. А.Досназаров жыйналыс хатшысы болып сайланды. Мәжилисте ол Қарақалпақстан ўәлаятын дүзиў, оған еркинлик бериў жөнинде доклад жасады:

— Жолдаслар, мениң өтинишим қысқаша төмендегилерден ибарат, — деди ол, — Әмиўдәрья ўәлаятында қарақалпақ миллетиндеги халықтың көпшилик екенлиги есапқа алынып, Қарақалпақстан областын дүзиў зәрүр, деп табылсын. Оған бурын Хорезм халық республикасының қурамында болған Хожели ўәлаяты ҳәм Қоңырат қаласы киргизилсин. Қарақалпақлар автономия алыўы керек. Сөзсиз алады да. Себеби олар бар, ҳәзир жасап атыр. Ал шега-

раланыў жағдайы олардың ҳуқықларын тағы да кеңейттиреди. Қарақалпақларға автономия «қуда жолына садақа», деп берилмейди, ал интернациональлық линия арқалы бериледи».

Аллаяр Досназаровтың бул жалынлы сөзлери Зеленскийге жүдә унап қалды:

— Жүдә дурыс гәп, усыныс қарарға сол турсында жазылсын. Соған қосымша, комиссия болажақ Қарақалпақстан автономиялы ўәлаятының территориясының картасын ҳәм шегараларының жобасын ислеп шығыўды Аллаяр Досназаровқа тапсырсын, — деди ол гәпти тастыйықлап.

Жыйналғанлар усынысты қызғын қуўатлады. Нәтийжеде Қарақалпақстан автономиялы ўәлаяты ҳаққында қарар қабыл алынды.

Әсирлер бойы ата-бабаларымыз мәкан еткен бул әзиз үлкениң қыры менен суўын қайта көзден өткерип, оның картасын дүзип, шегараларын белгилеў аңсат ис емес еди. Көлик деген-ниң өзи жоқ сол бир заманда Аллаяр гә атлы, гә ешекли, гә жаяў жүрип, Қарақалпақстанның территориясын белгиледи, халқының санын алды, кейинине еки рус топографын ертип, үлкемиздиң картасын дүзди. Елсиз, суўсыз жерлерде жалғыз қалып, талай мәртебе өлим аўзынан қайтты.

## 6. Шегара

Болажақ Қарақалпақстан автономиялы ўәлаятының территориясын анықлап, шегара белгисин қойыўға нийетленген булар — Аллаяр ҳәм картограф, топограф қәнигелигине ийе еки рус жигити-жәми үш адам еди. Олар Қоңыраттан шыққанда қуяш арқан бойы көтерилип қалды. Мине кең жәзийра Үстирттиң үстинде үш атлы болып киятыр. Анда-санда тусларынан дызағайлап өтип кететуғын қулан-кийиклерден, сетемшил қоянлардан басқа ҳештеңе көзге көринбейди. Бул әтирапты мәкан еткен шарўалар да, күн қыза баслағаннан Үстирт жийегинен Арал теңизине қарай түскен көринеди.

Булар атларды қамшылап бираз жол жүрди. Қуяш тас төбеге көтерилгенде күн соныңдай ысыды ма дейсең, кең жәзийра далаңлықта ушып жүрген қаңбақтан басқа көзге ҳештеңе көринбеди, әтирап дозаққа мегзеп кетти. Енди көлеңкени күсеген атлар да, оның үстинде ҳалдан кетип мүлгип киятырған еки орыс жигитиниң де, шөллеп, таңлайы кеўе баслады.

— Аллаяр аға, азы-кем дем алайық, шөлиркеп, кеўип өлип қалармыз, — деди жигитлердиң биреўи.

— Күнниң барында еле де жүриў керек еди, үлгере алмаймыз ғой, — деди ол.

— Неге үлгериўимиз керек, қазақлар менен шегарада ҳеш даў жоқ, деп едиңиз ғой, өзиңиз,-деди екинши жигит.

— Солай-аў, бирақ қалай да шегараны белгилейтуғын қазық қағылмаса болмайды, даў-жәнжел әйтеўир нәрседен шығып кетеди, оны өз көзим менен көрип, қулағым менен еситип жүрмен. Территориялық комиссия мәжилисинде бул жөнинде айтысып, қалайынша адамлардың бетин өзиме бурғанымды сизлер билмейсиз-аў. Ең дәслеп сонда мени Зеленский деген адам жақлап еди, соң бирме-бир басқалары да түсине баслады. Бул мәселеде тыяңақлы бир шешимге келе алмай, екиленип жүрген адамлар да баршылық. Сонлықтан бул исти шала қылсақ болмайды, жигитлер.

— Болады, лекин аз-маз дем алайық. Аңқамыз кеўип баратыр, бир-еки уртлам суў жутайық, — деди әўели сөз баслаған жигит.

— Мейли, неде болса сабыр-тақатлы болайық, бәлким, алдымыздан қудық та шығып қалар, ең жоқ дегенде кийик суў ишетуғын сайға, шуқырға дус болып қалармыз, — деди сонда Аллаяр, аса өжетликтиң гейде пайда бермейтуғынын сезип.

Аттан түсип, үшеўи белине байланған әскерий суў ыдысларын басына көтерип, ғылқылдатып жутты, соң тандырға нан жаўып атырған жеңгейлер мирәт етип, қолларына услатқан шөректен жеди.

Жарқылық атлардың да, шөлден силеси әптен қатқан екен. Аллаяр ең болмаса «жәниўарлардың таңлайы жибисин», деп олардың басларын жоқары көтерип, аўзына аз-маз суў тамызды.

Әтирапта ат жегендей от та жоқ еди, қызған қуяш нуры барлық өсимликти кептирип, күйдирип жиберген. Аллаяр жуўырып кетип, ойырақ жердеги жаўын суўынан нәр алып, жан сақлап қалған жуўсан менен жантақларды жулып әкелип, атлардың аўзына тутты.

Олар шөлден аңқасы кеўип турған еди, еринлерин жыбырлатып отты шымшыды да, қойды. Аллаяр әтирапты бир шолып көзден өткерди, ол шарўалар қазған қудық жоқ па екен, деп шар тәрепке тигилер еди, лекин ҳештеңе көзге түспеди.

— Ал енди турайық, жигитлер, — деди ол, - алдымыздан таңлайды жибиткендей бирнеме шығып қалар.

— Әй, қәйдем-аў, биз ҳәзир теңиз бетинен кеминде 80—90 метр бийикте турыппыз, — деди жигитлердиң биреўи.

—Онда усы Үстирттиң үстинде қалып өлемиз десең-о! Суў ишкендей қудық болмаса,— деп гәп қосты екинши жигит.

— Ҳеш гәп, ҳәзир күнниң қызыўы қайтады, соң теңиз тәрептен салқын самал есип, ҳәтте тоңа баслайсаң.

—Ҳаў, сонда неше күн жүремиз, Аллаяр аға, биз қаяққа барыўымыз керек өзи, шегара таяғы қай жерге қағылады, қарақалпақлардың мәканы қайда өзи!

— Буяғы- Майлы шеңгел, ар жағы- Сырдәрья менен Әмиўдәрьяның ортасындағы жерлер, Үстирттен-Хазар теңизине шекемги аралық, Арал теңизиниң тең ярымы — әне сол бизиң шегара. Қарақалпақлардың ата-бабасы жылым тартып, асаў Арал ортасындағы Барсакелмеске барып келген, Хазар теңизинен балық аўламағаны менен, оның жағалаўларына шекем нешше мың түлик малларын, сүриў-сүриў қойларын жайған, тәбият қолайсыз келген қыйын-қыстаўлы күнлерде халқымызды Аралдың аң марқасы менен ашлықтан қутқарған.

— Ой-бой, өзи құрттәй халыққа не деген территория.

— Несин айтасаң, иним. Дәслебинде қарақалпақлар көп халық болған, жаўгершиликтиң нәтийжесинде азайып кеткен. Оған кексе тарийх гүўа, ал мениң мың сан еки дәлиллерим бар.

— Ол жағы түсиникли Аллаяр аға, бирақ биз Арал теңизиниң үстине қалай белги қоямыз.

— Ҳей оған ғам шекпе, иним. Теңизден маржан сүзип жүрген балықшылар оның бир иләжын табады, суўға шүмип, толқынға ығып кетпейтуғын, топқа мегзес шийше қалқылар болады, көшки таслағаннан кейин ол теңиздиң түби менен байланысып турады, ығып кетпейди.

— Аллаяр аға, сиз буның барлығын қаяқтан биле бересиз!

— Ўәй, инилерим-әй, мен нелерди көрмегенмен. Байлардың есигинде малай да болдым, мәрдикарлықты да, әскерликти де бастан кеширдим. Мине енди «қарақалпақ ел болсын» деп, оның шегараларын белгилеў ушын сизлер менен Үстирттиң шөлистан-жазийраларында жүргеним.

— Бул хызметлериниз дурыс баҳаланса не жақсы, бағана «ҳүкиметпен» деп, ҳәмел ийелеп кеңседе отырған бир киси сизиң гәплериңизди онша хош көрмеди ғой.

— Дурыс, ондай адамлар да бизде баршылық, олар бир пүтин қарақалпақ халқын екиге бөлип басқармақшы, Хийўа ханлығының бурынғы шегараларында қалып, өз алдына мәмлекет тиклемекши. Буны еле жолда сөйлесе беремиз, қәне, енди жүрейик, — деди Аллаяр.

Еки жигит бир-бирине алма-гезек қарасып, ис қосжақпаған пишинде найиләж орнынан турды. Олар тағы алға қарай қозғалды, сөйтип қас-қарайғанша жол жүрди. Геўгим түсиўден арқа беттен самал есип, түи недеўир салқын тартып кетти.

Олар атларын тусаўлап, сәл-пәл ойырақ бир жерге қонақлады да, әтирaптан қуўрақ сексеўил, шөп-шар таўып, ортаға от жақты, сөйтип үшеўи отырып, бар тапқанын дастурханға шығарып, ҳалқас қылды.

— Ал енди уйқылап, дем алсақ болады, бирақ мына отты өширмей, жағып қойғанымыз мақул, өйткени қасқыр деген бәле бар, келип жүриўи мүмкин, — деди Аллаяр.

Бул сөзге орыс жигитлериниң екеўиниң де ҳүрейи ушып кетти.

— Бағана күнниң барында кейин қайта берейик, деп айттым ғой, саған, — деп олардың бири екиншисине топылды.

Ҳақыйқатында да олар, Аллаяр атлар ушын жуўсан, жантақ ҳәм басқа да шөплерди терип жүргенде өз-ара усылай тартысып еди.

Аллаяр бул ирет үндеген жоқ, аттың ерин басына көпшик қылды да, жүзин қублаға қаратып жатты. Бираз үнсизликтен кейин жол жүрип шаршаған олар уйқыға кетти.

Әлленемирде бир нәрседен сетем алған атлар киснесип қоя берди. Олардың үшеўи бирден ушып турды. Ортадағы от сөнип шамаласқан еди.

— Буған сексеўил салыў керек, болмаса қасқырлар келиўи мүмкин, олар тек оттан қорқады,— деди Аллаяр.

Ырастан да көп узамай улыған ҳайўан сеслери еситилди.

— Әне, әне, олар киятыр! — деп шоршынды жигитлердиң биреўи.

— Қорықпа, ол сағал ғой, адамға айбат ете алмайды, бирақ сонда да отты жағып қоя берейик, — деди Аллаяр.

Көп узамай таң атты. Әтираптан отын терип, от жағып, Аллаяр қара қуманды ғыжлаған шоққа қойды.

—Ал енди шай ишемиз, жигитлер,—деди Аллаяр дорбасынан не барын шығарып атырып.

—Сиз ише бериң, бизлер кейинге қайтамыз, — деди әдептен қырсығып киятырған жигит.

— О неге, енди еки күн жүрсек жетемиз ғой.

— Ой-бой, еки күн дейсең бе, бизлерди қула дүзде өлтирмекши екенсең ғой.

— Неге олай дейсең, мен барман ғой, қасыңызды, сизлердиң жаныңыз меникинен артық па!

— Яғ-аў, сонда да, биз не деп азап шегиўимиз керек екен! Жер сизики, ел сизики, өзиңиз белги қоя бериң, биз картаға сызып берген жериңнен белгилеп беремиз, болғаны. Шынында бул жер қазақтики ме, түркмендики ме, қарақалпақтики ме, бизиң ушын әҳмийети шамалы, биз бир жәрдемге келген адамбыз, нәтинде хызмет ҳақымызды төлемей-ақ қоярсыз.

—Әй, яқшы, онда кете бериң, мен де жолымнан қалмайын, өзим шегараға қазық қағып бараман, комиссия қабыл аларда соны тастыйықласаңыз болды, — деди өзи сары сынлы Аллаяр ашыўдан қызара-бөртип.

Адамның бәри бирдей ме, ҳәр халықтың да жақсы-жаманы бар ғой. Еки орыс қасқырдан қорықты ма, яки далада өлип қалармыз деди ме, буның гәпине көнбей кейин қайтты, ал Аллаяр болса жалғыздан-жалғыз өзи ашыўдан буўлығып, ернин тислей-тислей алға қарай рәўана болды. Геллесине сан мың қыял келди: «Өзиңнен туўмай ул болмас, сатып алмай қул болмас» деген усы дә. Олар мени жалғыз таслап кетип қалды. Қарақалпақ халқынан бундай қәнигелер қашан шығады!! Қашанға шекем бизиң ата мәканымыз шегара белгисине ийе болмай келеди!! Бул мәселедеги даў-жәнжеллерге шек қоятуғын ўақыт жетпеди ме! «Жеке жүрип

ат шаппа», деген гәп бар. Бул дурыс-аў. Лекин буған жаны ашыйтуғын адамлар аз болса бүйтпей нетерсең. Қай ўақытта да бизди бийпәрўалық мандытпай киятыр...Яқ, бәри-бир мен мақсетиме жетемен. Ел шегарасын белгилеп бермесем, мениң Аллаяр атым қурып кетсин!».

Ол тағы да бир күн, бир түн жол жүрди. Ертеңине ат әптен болдырып, жер баўырлап, орнынан тура алмай қалды. Енди Аллаяр жаяў қалса да, жақсы нийетинен қайтпай, жигерленип алға қарай тағы адым ата баслады.

Шексиз дала — Үстирттиң үстинде жаяў жол өнер ме еди, ол әптен шаршады, сонда ол белиндеги суў қуйылған ыдысынан аўзына бир тамшы тамызып, тағы алға қарай илгерлеўдиң әнжәмына кирисе берди.

Енди оның көзиниң алды әптен гиреўленип кетти, бул оның ҳалдан кетип, пүткиллей шаршағанының нышаны еди. Ол сонда да алға қарай умтылғысы келди. Өйткени бир адым болса да, белги таяғы қадалған жер-бунының жери-ата-бабасынан қалған мийрас болып қалатуғын еди.

Ол ҳалдан кетип, жер баўырлап жығылды, көзиниң алды тынып турса да, оның еле еси бар еди, сонлықтан ол ҳалының барынша еңбеклеп, алға қарай жылжыды, соң әптен естен танып қалды...

Бул ўақытта еки орыс жигити Қоңыратқа қайтып келген еди.

—Досназаров қайда! — деп сорады олардан исполкомда отырған кительли киси.

— Айтқанды қылмай, Үстирттен армаған кетти, Хазар теңизине бармай қайтпайжақ,- деди орыс жигит.

— Ал сизлер неге қайттыңыз!

— Бизлерди қайтарды, адам жүретуғын жер емес екен, түнде қасқырға таланыўдан сәл қалдық, — деди олар.

Кительли кисиниң енди ашыўы келди:

— Мыналарды басың! — деди ол НКВД хызметкерине.

Ол бес жигитти атқа мингизип, өзи бирлигинде жүрип, Аллаяр Досназаровты Үстирт кеңислигинен, аты өлип, өзи естен танып жатырған жеринен таўып алды. Бәри-бир олар да Хазар теңизине жете алмады. Ҳал үстинде жатқан Аллаярды елге жеткермесе, өлип қалатуғынына гүман жоқ еди, сонлықтан Досназаров жеткен жерге қазық қақты да, олар кейин қайтты. Бул адам, аты пүткил Хорезмге белгили мәмлекетлик ғайраткер, Аллаяр менен Қарақалпақ автономиясын дүзиў ушын ат салысып жүрген, Қоңыратқа хызмет бабында ўәкил болып келген Хорезм совет социалистлик

республикасының совнархоз председатели Ораз Ерман улы еди.

Аллаяр сөйтип, шегара белгилеймен, деп жүрип бир өлимнен қалды. Сөйтсе де, ол өзи ертип кеткен топограф рус жигитлерин умытпаған еди. Ол оларды излей баслады.

— Бизге оқымыслы картограф, топографлар керек, ондай кадрлар бизде жетиспейди, Ораз, мен ертип әкелген рус жигитлери қайда! — деди Аллаяр Қоңыратқа келип, есин жыйнаўдан.

— Қамақта, ревком председатели Әбу Қудабаевқа айтып сотлатаман оларды, бул не деген бийпәрўалық, соннан сен Үстирттиң үстинде өлип қалғанында неше пуллық киси болар едик биз, нағыз азаматсаң дә, «жалғыз аттың шаңы шықпайды», халық ийгилиги жолында ислерди жәмлесип атқарыў керек дедим саған, сонда да ақ көкиреклигиңе, өз билдигиңе бара бересең, — деп шыжа-пыжа болды ол ҳәм бираз ўақыттан соң ашыўын басып, өзиниң отпускаға шығатуғынлығын, аўылда азғана ўақыт дем алып, Оренбург қаласында оқып атырған балаларын көриўге ҳәм өзиниң де ден-саўлығы жөнинде ол жердеги врачлар менен мәсләҳәтлесиўге баратуғынын айтты.

— Маған сол рус жигитлерин таўып бер, жумыс ушын олар жүдә зәрүр болып тур, ўақыт тар, комиссия күтип турмайды, «бийтке өкпе-

леп тоныңды отқа жақпа» деген бар ғой, солардан пайдаланбасақ бизге ким территориямызды картаға түсирип береди,— деди Аллаяр.

— Мейли онда, оларды азат етемиз, өзиң бир кеширимли, «етек-жеңиң кең жигитсеңдә», елди сендей адамлар басқарыўы керек шынында,— деп Аллаярдың арқасынан қағып қойды Ораз.

Солай етип Аллаяр қарақалпақ аўылларын бирме-бир аралап, халықтың санын алып, шегара өтетуғын жерлерди анықлап, оны картаға түсирип, Ташкентке барды. Досназаров жобасын сызған Қарақалпақстанда халықтың улыўма саны 384420 болып, соннан 207267, ямаса 57 процентин қарақалпақ миллетиниң ўәкиллери қурайтуғын еди. Ал территориясы бойынша онда Түркстан АССРының Әмиўдәрья ўәлаяты, Хорезм республикасының Хожели ўәлаяты болып, оларды төрт округке жәмлестириў нәзерде тутылды. Аллаярдың алған дизими бойынша Шымбай округинде улыўма халықтың саны 81696 болып, оның 58604, яғный 71,7 проценти қарақалпақлар, Шорахан округинде халықтың улыўма саны 90736 болып, оның 8163 и, яғный 9 проценти қарақалпақлар, Хожели округинде улыўма халықтың саны 111000 болып, оның 81100 и, яғный 72,9 проценти қарақалпақлар, Қоңырат

округинде халықтың улыўма саны 80988 болып, оның 59500 и, яғный 79,5 проценти қарақалпақлар еди.

Досназаровтың территориялық комиссияның басқа ағзаларынан өзгешелигининң өзи соннан ибарат, ол жергиликли халықтың ўәкили болып, қарақалпақлар турған территорияны ҳәм онда жасаўшы халықлар санын бес бармағындай билетуғын еди. Сонда да ол картография ҳәм топография бойынша билиминиң кемшилигине өкинип, қайта-қайта бас шайқап жүрди.

Оның да себеби бар еди, өйткени буған өшегискен картограф ҳәм топографлар, «күрттақандай халқыңа усы жердиң өзи болады ғой», деп Аллаярдың жер ҳәм суў атамаларын атпа-ат айтқанына қарамастан қарақалпақ жериниң ҳақыйқый территориясын белгилеўге оншелли итибар бермеди. Оны «дүзетемен», деп жүргенде Аллаярдың басы тағы да түрли тәшўишке түсти.

Оның миллет мәселесиндеги батыл ис ҳәрекетлери, территориялық комиссияның қурамында болыўы, Әмиўдәрья обкомының айырым жуўаплы хызметкерлерине жақпады. Олар Досназаровты «миллий шегараларды шешиў мәселесинде жетерли билимге ийе емес» деп

рәуият шығарып, оның әтирапында өсек сөзлерди көбейтип жиберди.

«Жаңылмайтуғын жақ, сүрникпейтуғын туяқ болмайды» деген даналық бар қарақалпақларда. Ата-бабаларымыздың сол айтқанындай, Аллаяр да айырым мәселелерде алжасыққа жол қойған болыўы мүмкин еди. Лекин бул ийгиликли ислерде оған дәслебинде Ибирайым Бекимбетов ҳәм Ораз Ермановлардан басқа жәрдем қолын созған жан болмады.

Аллаяр нағыз көзашық еди, оның шегара белгилеўдеги болжаўы, рус картограф, топограф жигитлерине айтқан сөзлери түбинде дурыс болып шықты. Оның гәплери итибарға алынбай, дәслебинде берилмегени менен соңын ала Қазақстан Адай районын 1926-жылы Қарақалпақстанға қосып берди. Оның орнына Қызыл Орда ўәлаяты Қарақалпақстанның Сырдәрьядан Шопанқазғанға дейинги жерлерин өзине алды.

### 7. Тартыслар, телпек дирилдеспелер

Август айының ақырында Әмиўдәрья обкомының атқарыў бюроcы Т.Непесовтың басшылығында Түркстан коммунистлик партиясы облгоркомының мәжилисин өткерип, онда А.Қ.Досназаровтың «ислери» бойынша мәсе-

лени қарады. Онда Т.Непесов А.Досназаровты миллий шегараларды белгилеўши территориялық комиссияның қурамынан шығарыўды талап етти ҳәм жоқарыға бул туўралы хат жазды. Лекин Түркстан коммунистлик партиясы Әмиўдәрья облгоркомының наразылығына қарамастан ЦК ВКП(б)ның Орта Азия бюросы А.Қ.Досназаровты қарақалпақ киши комиссиясының қурамында қалдырды.

Бирақ айырым адамлар бөлекленииўдиң тәрепдары болып, Әмиўдәрья ўәлаятын Хорезмге қосып, Хорезм республикасын сақлап қалыўды әрман ете берди. Нәтийжеде 1924-жылы Әмиўдәрья областының территориясында жуўапкерли хызметкерлерден еки топар дүзилди. Биринши топар — «Рустамовшылар» деп аталды, ал екинши топарды Т.Непесов ҳәм оның тәрепдарлары басқарды. Оларға соққы бериў ушын бираз күш жумсалды. Халықтың басым көпшилиги кем саўатлы болғанлықтан олар арасында үгит-нәсият жумысларын жүргизип, автономияның абзаллықларын түсиндириў зәрүр болды. Соның ушын А.Қ.Досназаров 1924-жылдың 31-августында «Түркстан ҳақыйқаты» газетасында өз мақаласын жәриялады.

1924-жылдың 6-сентябринде И. А. Зеленскийдиң басшылығында Орта Азия республикаларының шегараларын белгилеў бойынша

территориялық комиссияның мәжилиси болып өтти. Мәжилисте А.Қ.Досназаровтың басшылығындағы киши комиссия таярлаған қарақалпақ жобасы додаланды. 40 адам қатнасқан бул мәжилиске усынылған жоба бойынша 8 адам шығып сөйледи, оның биреўи Аллаяр Досназаров еди. Қарақалпақларға автономия бериў мәселеси хәрқыйлы пикирлер ҳәм бәсекилер туўдырды, небир тартыслар, телпек дирилдеспелер болды, өз жобасын жақлап, күйипписип дәлиллеп, Аллаяр төрт мәрте минберге шықты:

— Әсирлер бойы ҳүким сүрген саўатсызлық ҳәм артта қалыўшылық қарақалпақ халқын мөминликке, барлық нәрсеге көнлиге бериўге үйретип таслаған. Бирақ өмир енди оған өз өзгерислерин енгизди... Енди қарақалпақ халқы өз жериниң ийеси екенлигин сезди, еркин адам екенлигин уғынды, уйқыдан оянды, өзлериниң жаңа өмирдиң дөретиўшилери екенлигин билди, езилиўшилик сезимлери өз баҳасын аңғарыў сезимлери менен өзгерди ҳәм өзин-өзи ҳүрметлей алатуғын болды. Қарақалпақ халқы өз автономиясына ийе болғысы келеди, бирақ оны бийшараға берилген садақа есабында емес, ал совет адамларының көп миллетли семьясында, тең ҳуқықлы жағдайда алыўы зәрүр. Егер бул жерде басқаша көз-қарас

үстем болып шықса, қарақалпақлар тап коминтернге шекем барыўға мәжбүр болады. Өйткени, бизлер өз мәплеримиз ҳәм талапларымыздың ол жерде қорғалатуғынына ҳәм автономия берилетуғынына исенемиз, — деди ақыр соңында ол.

Территориялық комиссия бул мәселе бойынша бир шешимге келди. Хорезм халық республикасының Хожели ҳәм Қоңырат округлери сол ўақытта Хорезм республикасы қурамында турған шегара көлеминде, Әмиўдәрья ўәлаятының Шымбай уезди толығы менен Қарақалпақстан автономиялы областының қурамына кирди. Ал Қарақалпақ областын қайсы республикаға қосыў мәселеси РКП(б) орайлық комитетиниң Орта Азия бюросының шешиўи ушын қалдырылды.

Мәмлекетлик миллий шегараларды белгилеў мәселеси еле өзиниң толық шешимин таппаған еди. Сонлықтан 1924-жылдың 15-сентябринде Ташкенттеги Свердлов театрының имаратында ашылған Түркстан орайлық атқарыў комитетиниң үшинши гезексиз сессиясы бул мәселени өзиниң күн тәртибине киргизди. Сессияда жыйналғанларга қарата ТүркЦИКтиң председатели Қ. Атабаев кирис сөз сөйледи. Соң «Орта Азияның мәмлекетлик миллий шегараларының белгилениўи ҳаққында» ТССР халық

комиссарлар советиниң председатели Р. Исламов баянат жасады.

Сессияның екинши күни Рахимбабаев, Хожановлар шығып сөйледи. Булардан кейин сөз алған А.Қ.Досназаров өз пикирин қарақалпақ тилинде баянлады. Мәселе ҳәммеге түсиникли болыўы ушын оның сөзин Әбдижаббаров деген жигит рус тилине аўдарып турды.

— Түркстан рабочий-дийқан ҳүкиметиниң орнағанына мине алты жыл болды. Бирақ көплеген киши халықлар, соның ишинде қарақалпақлар, ярым қуллық дәўирди басынан кеширмекте. Елеге шекем Орта Азия халықларының өзгешеликлери, киши халықлардың мүтәжи есапқа алынбаған, қайсы республикада қанша халық жасайтуғыны да ҳәзирге шекем бийм мәлим. Буған мысал ретинде қарақалпақ халқын көрсетиўге болады. Арадан алты жыл өтсе де, бул халық еле өз алдына еркин миллет болыў ҳуқықына ийе болған емес, — деди Досназаров.

Сессияда қарақалпақ елинен барған делегатлар атынан бул халыққа автономиялы область бериў усыныс етилди. Деген менен Түрк ЦИКтиң сессиясы  бул мәселени ақырына дейин шеше алмады, ол кейинге қалдырылды. Бирақ бәрибир буны узақ услап турыў мүмкин емес еди.

1924-жылдың 18-сентябринде Ташкентте А.Қ.Досназаровтың басшылығында болажақ

Қарақалпақстан автономиялы областының ўәкиллериниң жыйналысы болды. Онда советлердиң областьлық биринши шөлкемлестириў съездине шекем жумыс ислеўши орган — Қарақалпақстан шөлкемлестириў бюросының қурамы белгиленди. Оның ағзалығына А.Қ.Досназаров, Г.А.Лунин, И.Бекимбетов, М.П.Петров, А.И.Қудабаев, К.Сағдуллаев, О.Ерманов, М.Файзуллаев, кандидатлар болып Е.Рустамов, Д.Қурбанбаев, А.Әйтешов, А.Айтақовлар сайланды.

Жыйналыста қарақалпақстанлы ўәкиллердиң Москваға барыў мәселеси бойынша шешим қабыл алынды, жыйналыс РКП(б) орайлық комитетиниң Орта Азия бюросынан Қарақалпақстан шөлкемлестириў бюросының қурамын тастыйықлаўды соранды. Оның баслығы болып А.Қ.Досназаров бекитилди.

Қарақалпақ мәселеси Ташкентте унамлы шешилгеннен кейин А.Қ.Досназаров 1924-жылдың 23-сентябринде Хорезм республикасының Оренбургтағы консулы болып ислеп атырған Ораз Ермановтың атына хат жазды: «...Бул жерде, Ташкентте Орта Азия республикаларының миллий мәмлекетлик шегараларын белгилеў қолға алынып атыр. Қарақалпақстан өз алдына автономиялы область болып шығып, Қырғыз республикасына қосы-

латуғын болды. Сизиң Оренбургта екенлигиңизди билип ҳәм Хожели менен Қоңыраттың Қарақалпақстан автономиялы областына қосылыўына байланыслы сизди Әмиўдәрьяның қубласындағы қарақалпақлардың ўәкили сыпатында Қарақалпақстан шөлкемлестириў бюросына ағза етип сайладық. Жақын күнлерде Москваға бараман, жол-жөнекей Оренбургта ҳәр қыйлы мәселелерди шешиў ушын тоқтайман. Мен барғанша сол қалада күтип турыўыңызды соранаман. Москваға бирге кетемиз».

1924-жылдың 26-сентябринде РКП(б) Қырғыз (қазах) обкомының пленумы болып өтти. Пленумда тағы да Орта Азияның миллий бөлиниўи мәселеси қаралды. Бул мәселе бойынша пленумда С. Хожанов шығып сөйледи. Қарақалпақ делегациясының атынан пленумда А.Досназаров баянат жасады:

— Биз өз қоңсыларымыздан қалғымыз келмейди. Қарақалпақлар өз тәғдирин өзлери шешиўди қәлейди. Биз қарақалпақларға автономия берилиўин қатаң талап етемиз, — деди ол.

1924-жылдың 27-сентябринде Оренбургта РКП(б) Қырғыз областьлық комитетиниң жыйналысы болып өтти. Усы жыйналыста қарақалпақ халқы ўәкиллериниң арзасы тағы бир мәртебе қаралды. Бул мәселе бойынша А. Досназаров шығып сөйледи:

— РКП(б) орайлық комитетиниң Орта Азия бюросы Қарақалпақстан автономиялы областын дүзиў бойынша қарар қабыл етти, бирақ бул область қайсы республиканың қурамына киреди, елеге шекем бул жөнинде шешим жоқ. Қарақалпақ халқы Кирреспубликаның (Қазахстан) қурамында болыўды қәлейди. Бул оның географиялық ҳәм ишки жағдайларына сәйкес келеди. Келешекте Қарақалпақстанның өриси кеңейип, өз алдына республика болып кетиўи де мүмкин, — деди ол.

Мәжилис Қарақалпақ халқының өтинишин мақуллап, Қарақалпақстан автономиялы областының Кирреспубликаның (Қазахстан) қурамына кириўин қоллап-қуўатлады. Түйин бир нәўийе шешилген сыяқлы болды, бирақ енди оны турмысқа асырыў зәрүр еди.

Досназаровтың Оренбургта шешилиўи тийис болған мәселелери усылардан ибарат еди. Бунын әмелий иске асырылыўына сол жерде ислеп атырған Хорезм республикасының Оренбургтағы консулы Ораз Ерманов айтарлықтай жәрдем берди.

1924-жылдың сентябринде қарақалпақ делегациясы Москваға келди. Оның қурамында А.Қ.Досназаров, И.Бекимбетов, О.Ерманов ҳәм басқалар бар еди.

## 8. Перзент

Аллаяр жыйналыстан аўыр жатарда үйине қайтты. Түн жарпы болыўына қарамастан терезеде еле жақты бар еди. Ҳаялы Зәкийра еле уйқыламапты.

Аллаяр әсте-ақырын есикти қақты. Ериниң келиўин күтип атырған Зәкийра дәрҳал қапыға жетип барды.

— Кимсең. Аллаярмысаң! — деди ол.

— Аўа, сен еле уйқыламағанбедиң.

— Ой. Сорама. Уйқым пүткиллей қашып кетти, мына перзентиң тыным таппай атыр.

— Не дейсең!

Аллаяр аң-таң болып әтирапқа қарады.

— Ой, ақ көкирегим-әй, бермаған кел.

Зәкийра белине бууған түбит орамалдың астына Аллаярдың қолын тықты:

— Әне, теуип атыр, сездиң бе! — деди ол.

Гәптиң мәнисине енди ғана түсинген Аллаяр ҳаялын қолына көтерип, үйдиң ишин үш айланды.

— Әсте, әстерек, дым есирип кеттиң ғой, сен, бизлерди жығып аларсаң.

— Қорықпа, ҳеш те, жықпайман, сен не мени ҳәлсиз көресең бе!

— Яғ-аў, мәзи гәпим-ғой, усы ўақытқа шекем басы бирикпей жүрген халықты ел етип атырған адам ҳәлсиз бола ма!

— Әне, бул басқа гәп, ҳәзир де жыйналыстан шықтым, небир тартыслар, телпек дирилдеспелер болды, ақыр соңында бизиң усыныс бойынша бир шешимге келдик, Қарақалпақстан автономиялы область болады.

— Жүдә жақсы, қутлықлайман онда, неде болса соңғы гезлери басың жыйналыстан шықпайтуғын болды, меннен ҳал сорағанды да қойдың.

— Ҳеш гәп, аз-маз шыдап тур, «автоном» атағын алып алайық, соң барлығы жақсы болып кетеди.

— Иләйым, «аллаң яр болғай сениң», аўқатыңды ишип ала ғой, енди.

— Ишемен, ертең Ташкентке кетиўге таярланыўымыз керек, соң Орынборға барамыз, ис кеўилдегидей бәржай болса, аржағына Ибирайым, Ораз үшеўимиз Москваға жөней беремиз, ҳәзир бир күн де кешигиўге болмайды, билесең бе, бизиң аналарымыз айтатуғын бир даналық бар, «тандырды қызғанда жап» дейди олар.

— Ал мен не қыламан, сен бул кетистен жылдың ақырына дейин сол жақта жүретуғын болсаң!

— Оҳ, бул жағын ойламаппыз, қәрежеттиң қоқлығын айтсеш, неде болса азанда бир жағына шығармыз, жата бер.

— Жатаман ғой, ана аўқатқа қарының тойса болар еди, түсте де үйге келмедиң, күндеги аўқатың жарма-жаўған, журтлар қусап қазаныңда гөш қайнамайды, үстиңде бир кителиңнен басқа кийимиң жоқ, оны жуўдырсаң кебемен дегенше көрпе жамылып отырасаң, ал мениң үстимдегилер қарық па, үйимнен кийип келген көйлеклерим менен елеге шекем жүриппен. Жән-жағыңа бир қарасаң-о, журтлар үйин де, бала-шағасын да малындырып қойыпты,— деди Зәкийра қатыншылық етип.

— Сен ҳасла шөллемей-ақ қой, бизиң турмысымыз дурыс, екеўимиздиң дүнья-мүлкимиз бир чемодан болады, ел азаматы усләйтип жасаўы керек.

Зәкийра ери менен буннан артық бәсекилесе алмады. Ол қарақалпақшалап нықлап айтса, гәптиң болып-болғаны еди, ақыры. Ертеңине бар тапқанын бир чемоданға салып, олар жолға рәўана болды.

Баратырып дәслеп Ташкент, соң Оренбургқа иркилди, Ораз Ерманов пенен дийдарласты. Узақ жолларды басып, Қарақалпақстан делегациясы Москваға тоғызыншы шақырық РСФСР ВЦИК тиң екинши сессиясына келгенде олардың арасында Зәкийра Фахрутдиновна Ҳәкимова да бар еди.

14-октябрь күни кеште Аллаяр өзлери болып атырған мийманхана бөлмесине қуўаныш пенен қәдем қойды:

— Зәкийра, биз автоном болдық, еркинлик алдық, қәне енди соны белгилейик, бизге бир хызмет ет, мына қазақ ағайинлерди де ертип келдим, биз ендилигинде булар менен бирге, бир атаның баласындай болып жасаймыз, ақыры, — деди Аллаяр.

— Болады, болады, — деп иске кирисип кетти Зәкийра.

Сол күни олар өткен-кеткенди айтысып, келешек ҳаққында пикир жүргизип, аўыр жатарға шекем отырды. Таң алдында бир толғақ тутты ма дейсең. Зәкийраның қулындағы даўысы шықты. Сол жерде «емлеўхана»дан машина шақыртылып, ол туўыў үйине түсти. Оның кейнинен қутлықлап, пүткил Орта Азия республикаларының ўәкиллери барды.

Солай етип 1924-жылы Москва қаласында олардың биринши перзенти дүньяға келди. Бул ўақыя Қарақалпақстанға автономия берилиў мәселесиниң шешилиўи менен бир пайытта болды. Аллаяр қос қуўаныш қушағында еди. Сонлықтан ол туўыў үйиниң терезесине қарап турып, албыраңқырап сөйледи:

— Зәкийра, биз автономиялы область болдық, кеше, 14-октябрьде Атқарыў Комитетиниң 2-сессиясы болды. Оған Пүткилсоюзлық ақсақал жолдас М.И.Калинин басшылық етти. Мен шығып сөйледим, — деди толып-тасып Аллаяр.

— Ҳаў, ағасы, ең дәслеп, аман жаның қалды ма, деп сорамайсаң ба! — деди Зәкийра.

— Аўа, аўа, умытып баратырған екенмен, кеширерсең, аман жаның қалды ма, нели болдық, өзиңниң ден-саўлығың қалай! — деди ол.

— Аллаяр, аман жаным қалды, ден-саўлығым жаман емес, қызлы болдық, атын ким қоясаң! — деп терезеден қундақты көрсетти күйеўине Зәкийра.

Аллаяр аң-таң болып ойланып қалды, ол усы ўақытқа шекем бул нәрселерди сирә қыялына келтирмепти. Сонда Аллаярдың қасында турған киси жуўап иретинде оған даўыслады:

— Келин, мени таныдың ба, мен күни кеше жайыңызға мийман болып барған Қазақстанның ўәкилимен. Қарақалпақстан еркинлик алды. Соның ушын қызымыздың атын Еркин қоямыз, мақул ма! — деди ол.

— Мақул, мақул — деп басын ийзеди Зәкийра.

Бул усыныс ҳәммеге де унады. Солай етип Москвада туўылған қарақалпақ қызы Еркин деп аталды...

Аллаярдың бир жақсы қәсийети, ол өзиниң қуўанышын да, қайғысын да досларынан жасырмайтуғын еди. Ол қызлы болғанын Михаил Иванович Калининге жеткермегенше кеўли кешимеди.

— Михайл Иванович, мен қызлы болдым,— деди Аллаяр оны Кремль коридорларының биринде көриўден.

— Оҳо, жүдә жақсы, қутлықлайман, демек қарақалпақ халқы тағы бир адамға көбейипти дә!

— Аўа, көбейди, соның ушын да қуўанышымды сизиң менен бөлисейин дедим, қәне, сүйинши бериң!

— Сүйинши деген не! — деп таңланып турды Михайл Иванович.

— Ол қарақалпақлардың үрп-әдети бойынша жақсылық хабарды айтып келген адамға берилетуғын саўға,— деди Досназаров.

— Ҳе-е, жақсы дәстүр екен, — деп қайта-қайта көз әйнегин бир алып, бир салып турды Михайл Иванович ҳәм: — Мә, мынаў қалтамдағы бары еди, бизден нәрестеге саўға болсын,- деп Аллаярға пул услатты, соң қоңыраў қағылғаннан кейин ҳәмме мәжилиске кирип кетти.

### 9. ЦИК тиң сессиясында

1924-жылдың 30-сентябринде Москвада Түркстан миллий комиссиясының жыйналысы

болып өтти. Комиссия мәжилисине И.М.Варейкис, Н.Айтақов, Қ.Атабаев, Х.Сахатмуратов, А.Қ.Досназаров, И.Бекимбетов, О.Я.Карклин, Д.И.Манжара, Ф.Я.Калугин, Петулин, Р.Исламов, Р.Сегизбаев, Ф.Хожаев, Имамовлар қатнасты. Жыйналғанлар РКП(Б) орайлық комитети сиясий бюросының «Территориялық комиссияның баслығы И.А.Зеленскийдиң баянаты бойынша қарары ҳаққында» Варейкистиң билдириўин додалады. Жыйналыс Р.Исламовқа ВЦИКтиң сессиясына баянат, ал Ф.Хожаев ҳәм Қ.Атабаевқа СССР ЦИКиниң мәжилисине докладлар таярлаўды тапсырды.

Тоғызыншы шақырық РСФСР ВЦИКиниң екинши сессиясы 1924-жылдың 14-октябринде М.И.Калининниң басшылығында өтти. Сессия Түркстан ЦИКиниң Орта Азия республикаларының миллий мәмлекетлик шегараларын белгилеў бойынша қарарын айырым өзгерислер менен қабыл алып, Қазақ ССРының қурамында Қарақалпақстан автономиялы областын дүзиў ҳаққында шешимге келди.

Бир қызық жери, қарар оқып таныстырылғанда зал иши силтидей тынып қалды. М.И.Калинин екинши мәрте орнынан турып, бул мәселе бойынша ким шығып сөйлейди дегенинде минберге А.Қ.Досназаров көтерилди де, Калининге қарап бир мәрте басын ийзеп,

шаққан ҳәм жигерли түрде қарақалпақша сөйлей баслады. Оның сөйлеген сөзин белгили қазақ жазыўшысы Сәкен Сейфулин рус тилине аўдарып турды.

— Совет ҳүкиметиниң өмир сүрип атырғанына алты жыл ўақыт болса да, қарақалпақ халқы усы ўақытқа шекем өзиниң еркин, мүтәжлерин, үмит ҳәм әрманларын айтыў мүмкиншилигине ийе болмады, себеби қарақалпақ халқының турмысы ҳешкимди қызықтырмады, ал қарақалпақ халқы болса өзиниң ҳуқықларын билмей, саўатсыз қуллар сыяқлы турмыс кеширип келди. Тек ҳәзир ғана, ҳақыйқат азатлық берилген бир пайытта, бул халық еңсесин көтерип, туңғыш мәртебе өзиниң ҳәмме сыяқлы еркин адам екенлигин сезип атыр. Мине ҳәзир де ол, бул жерде, ВЦИКтиң сессиясында өзиниң ўәкили арқалы бул мәселе бойынша пикирин айтыў мүмкиншилигине ийе болып отыр. Қарақалпақлар енди басқа халықлар менен бирге тең турып, өз республикасын дүзиўди қәлейди ҳәм бул халыққа, басқа республикалар халқына болғандай дыққат аўдарылыўын талап етип сорайды. Теңлер ишинде тең болыў — бул азат қарақалпақ халқының бирден-бир әрманы. Ханлардың үстемлик еткен дәўирлеринде қарақалпақ халқынан шыққан көплеген адамлар ханның

ратын тазалаў бойынша областлық комиссияның баслығы болып иследи.

## 12. Бийопалық

Адам өмири тек те қуўаныштан ибарат бола бермейди. «Қуўаныш бар жерде, қайғы да жүреди» дейди ақсақаллар қапа болсаң жубатпақшы болып. Сол айтқандай, Қарақалпақстан автономиялы областы РСФСРдың қурамына кирип, үлкен салтанат болып атырған бир күнлерде Досназаровлардың шаңарағын ҳәсирет думаны қаплап, Қазақстан ўәкили атын қойған олардың Еркин исмли туңғыш қызы тосаттан қайтыс болды.

Оның өлимин Москвада оқып атырған пүткил қарақалпақстанлылар қайғырды, шаңараққа түскен мүсийбетти ийинлесип атқарды. Жаңа ғана алты бәҳәрдиң жүзин көрген Еркинниң қазасына тек коммунистлик университет емес, ВКП(б) орайлық комитетинен де жуўапкерли хызметкерлер келди. Досназарова Еркин Аллаяр қызы Москвадағы Новодевичье қойымшылығына жерленди.

Қарақалпақта не деген ҳикметли гәплер көп, нәресте шетнесе, «қудай таала бериўин жазбасын» деп жубатады адамлар. Тәңири Аллаярдың пысын қуртпады, Зәкийра ҳәм-

ледар болып, Москвадағы Н.К.Крупская атындағы емлеўханада жас босанды.

Надежда Константиновна Крупская бул емлеўханаға жийи-жийи келип, хабар алып туратуғын еди. Аллаяр ҳаялы Зәкийраның ҳалын билмекши болып келген күни ол Надежда Константиновна менен кирер жерде дусласып қалды.

— Оҳо, сен бул жерде неғып жүрсең, умытпасам сен қарақалпақсаң! — деди ол еле үстинен кителин тасламаған Аллаярға.

— Ҳаялым жас босанып еди, соған келдим, — деди Аллаяр.

— Жүр онда, бирге киремиз, — деп Надежда Константиновна оны өзи менен бирге ишке алып кетти.

Кроватта арқайын жатырған ҳаяллар Аллаярды көрип бираз қысыныспаға түсип қалды. Ол үсти кийимлери бирдей болса да, көп ишинен өз ҳаялын демде-ақ таный қойды.

— Мине, бул мениң ҳаялым-Закийра Фахрутдиновна, — еди Аллаяр.

— Татар ма! — деди Надежда Константиновна.

— Аўа, татар менен башқуртлар тили, дини, үрп-әдети жағынан бизге жүдә жақын болады, — деди Аллаяр.

— Билемен, билемен. Ал, саламатлығың қалай! — деп Зәкийраға жақынлады ол.

Оның қызын жаңа ғана емизиўге әкелип берген еди. Қызы анасын қулшыныш еме баслады.

— Ой-бой, аты ким буның! — деди Крупская.

— Үмит, Үмитхан!

— Ой-бой, қыйын ат екен!

Надежда Константиновна айтқысы келсе де, бул сөзлерге жуўық арада тили келмей, қайталай алмай турды.

— Бул сизиң атыңыздың қарақалпақшасы, сизиң ҳүрметиңизге усылай қойғанбыз, орысшаға аўдарсаң Надежда болады, — деп түсиндирди Аллаяр.

— Жүдә жақсы, қутлықлайман! — деп Крупская кишкене Үмиттиң ҳәм Зәкийраның маңлайынан сүйди.

Олар қызының атын Крупскаяның ҳүрметине Надежда — Үмит деп атап, оған кишкентайынан русша тәлим-тәрбия бере баслады.

...Аллаяр Башқуртстанға жумысқа жиберилгенде Зәкийра қызы Үмит пенен Москва қаласындағы Садово-Каретная көшеси, 3-Советлер үйиниң, 49-бөлмесинде жасап қалған еди. Башқуртстан АССР рабочий дийқан халық комиссариаты 1930-жылдың ноябринде Совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели Аллаяр Досназаровты хызмет ислеп турған орны Уфа қаласынан шаңарағын

көширип алып келиў ушын Москва қаласына командировкаға жиберген еди.

Күтпегенде Аллаяр менен Зәкийра арасында келиспеўшилик пайда болды. Зәкийраның туўған-туўысқанлары Оренбург областының Елек районында жасайтуғын еди. 1930-жылдың гүзинде оның әкеси ҳәм жигит ағасын жаңа дүзимге қарсы кулаклар азаплап, өлтирип кетти.

Уфадан Москваға келген Аллаярдан ҳаялы Зәкийра өзи менен бирге Оренбургқа барыўды ҳәм туўған-туўысқанларына садақа бериўди, олардың басларына жай салыўды талап етти.

Москваға бары-жоғы бес күн мүддетке шаңарағын көширип келиў ушын командировкаға жиберилген Аллаяр, Оренбургқа барып жүриўге имкәнияты жоқлығын айтты.

— Басшылардан рухсат алып, соңырақ кәрежет топлап барсақ қәйтеди! — деди Аллаяр.

— Яқ, болмайды! — деп кескин жуўап қайтарды Зәкийра.

Бул шәртке келисим бермеген соң ерли-зайыплар арасында даў-жәнжел келип шықты. Нәтийжеде Зәкийра үш жасар қызы Үмитти әкеси Аллаярға таслап, Оренбургқа бараман, деп үйден шығып кетти...

Аўыр хожалық жағдайына дус болған Аллаяр енди не қыларын билмеди. Ол қоңсысының

есигин қақты. Булар жасайтуғын жайда әкеси Сибирьге айдалып кеткен, күйикке шыдамаған анасы жүрек аўырыўдан жақында ғана қайтыс болған, жалғыз баслы Светлицкая Полина Николаевна деген нашар туратуғын еди.

— Полина Николаевна, өтиниш пенен келдим саған, бир-еки күн Надечкаға қарап турың, мен қыстаўлы түрде Уфаға кетиўим керек. Мен бала-шағаны көширип алып кетпекши болып келип едим, ҳаялым буған көнликпей, мениң менен урысып, Оренбургқа кетип қалды, оның әкеси менен жигит ағасын кулаклар өлтирип кеткен, оны да түсиниўге болады, — деди Аллаярдың руўхы әптен түсип.

— Ҳеш гәп, өлмектиң изинен өлмек жоқ, бул өмир деген, барлығына да көне бересең, өзиңизди қолға алың, Надечканы маған таслап кете бериң, ол мени жатырқамайды, үйде қонып та қала береди, сиз жоқта мудамы мениң менен отырады, әдептен маған үйренискен... Полинаның булай деўиниң лийкини бар еди. Зәкийра күйеўи Уфада хызмет бабында жүрген гезлеринде Арал ҳәм Әмиўдәрья жағалаўында өскен, ҳаслы ураллы, қарақалпақтың есабынан келип Москвада оқып атырған Павел Иванович Славин деген адам менен танысып, бас қосып кеткен еди. Оны буған ҳеш ким айтпады, Полинада сыр сақлады. Солайынша Үмит Аллаяр

Башқуртстаннан келемен дегенше Светлицкаялардың үйинде қалды. Ойлары алғаў-далғаў Досназаров Уфаға қайтты.

1931-жылдың 30-мартында Земцов көшеси 22-жайда жайласқан жумысшы-дийқан инспекциясының имаратында ВКП(б) Башқуртстан қадағалаў комиссиясы президиумының мәжилиси болды. Онда «Союзплодоовощь» совет партия аппаратын тазалаўдың нәтийжелери ҳаққында» А.Досназаровтың баянаты тыңланды. Кемшиликлерге жаны төзбеўшилик, қәтеликлерге маўасасыз қараў, ҳадаллық Аллаярға әдептен питкен жақсы пазыйлетлердиң бири еди. Бул қәсийет башқуртларға оғада унап қалды. Аллаярдың ҳадал, ҳақ нийет пенен ислеген ҳәрекетлери, жергиликли органлардың жумысын беккемлеўге, қәниге кадрлардың ҳүкимет сиясатын турмысқа енгизиўине, экономика ҳәм мәденияттың раўажланыўын тезлетиўге жәрдем етти.

Аллаяр Башқуртстанда болған дәўирде Уфа қаласындағы «Астория» мийманханасының тоғызыншы бөлмесинде жасады. Қонақ киби мийманханада турып, жумыс ислеў аңсат емес еди. Хожалығын Москвадан көширип әкеле алмаған ол ақыр соңында 1931-жылдың орталарына қарай Москваға қайтып келиўге мәжбүр

болды. Ол енди Москвадан жумыс сорап, Кремль басшыларына кирмекши еди.

...Ол өз үйиниң есигин қағып узақ турды. Негедур есик ашылмады. Ол енди қызы Үмитти излеп, ол мудамы қала беретуғын, Полина Николаевнаның үйине бармақшы болып, баспалдақтан жоқары көтерилди. Үмит ырастан да сол жерде екен.

— Мамаң қайда! — деп сорады ол қызынан.

— Үйде еди, — деди ақ көкирек нәресте.

Полина Николаевна оның аўзын басты, соң Үмит сөзин даўам ете алмады.

— Түсиникли! — деп қысқа сөйледи де, көптен гүманланып жүрген Аллаяр, артындағы есикти де жаппастан, баспалдақтан төмен қарай жуўырып кетти.

Бул жоқарыға көтерилгенде досларын сыртқа шығарып үлгерген Зәкийра, стол үстиндеги темеки қалдықларын сыпырып алып атырған еди.

— Бул не түтин, үйге еркек адам келген бе!! — деди ашыў кернеп Аллаяр.

— Сен не, мени тергеў ушын келдиң бе!! Үй болған соң адам келеди дә! — деди мәккарлық етип Зәкийра.

— Саған ўақты хошлық керек. Неге мениң аўҳалымды түсинбейсең. Қарақалпақстанның басшылары мени жумысқа алмай атыр, өтиниш етип жазған хатларымның барлығы жуўапсыз

қалды. «Досназаровтай миллетшил-шовинист бизге керек емес» депти.

— Әне, айттым саған, сениң ҳақыйқатшыл, ҳадал болғаның адамлар ушын бир тийин. Адам бул өмирге жасаў ушын келеди, ал сен қара басыңның да, бала-шағаңның да ғамын ойламайсаң.

—Неге ойламайды екенмен, ойлайман. Сизлер ушын арза жазып, Башқуртстандағы жумыстан босап келдим.

— Онда мени аңлып, отыра бер үйде. Бийталап адамды мына жайдан да қуўып салады.

— Неге бийталап болады екенмен, жумыс сорап Кремль басшыларына киремен. Мени Қарақалпақстанға жибер деймен.

— Қарақалпақстанға!! Онда өзиң кете бер, мен изиңе де ермеймен, ол жаққа бармайман да. Адамлар пүткил өмир бойы Москваға келиўди әрман етип жасайды, ал сен басыңа қонған бахытты билмей, суўсыз, саҳра-шөлистаныңа кетиўге асығасаң.

— Адам өз ҳәзлиги, қара басының ғамы ушын емес, ели-халқы ушын жасаўы керек!

— Ели-халқың сени «керек емес» деп атырса да, пикириңнен қайтпайтуғын ғайбар, өжетсең. Әкем менен жигит ағамды кулаклар атып өлтирип кетти. Оренбургқа барып, оларға

садақа берейик, басларына жай салайық, дедим мен. Имкәнийат жоқ, мен Башқуртстанда командировкада жүрмен, соң қәрежет топлап, отпускаға шыққаннан кейин садақа беремиз, дедиң сен Павел Иванович қурақым болмадың.

— Павел Иванович деген ким!

— Павел Иванович Славин, ол жалғызлығымды билдирмеди, сен жоқта маған көп жәрдем берди.

— Аўа...

— Солай ма, еле!! — деп Аллаяр Зәкийраға жақынлай бергени, қәпелимде телефон «шырр» етти.

— Бул ЦКдан, — деди телефондағы даўыс.

— Аўа, еситемен, яқшы, яқшы, ҳәзир жетемен, — деп қысқа жуўап берди Аллаяр, сөйтти де ҳаялына қарап, «ҳәзир мен ЦК дан айланып келейин, соң мәселени бир жақлы қыламыз!» деп қолын шошайтып қойды да, сыртқа асығыс шығып кетти.

Аллаярдың кетиўи мәттал, дәрҳал телефонға асылды Зәкийра:

— Паша, аўҳал шатақ, Аллаяр екеўимиздиң байланысымыз бар екенлигин сезип қойды, — деди ол өкпесин баса алмай ҳаплығып.

— Қалайынша!

— Темеки қалдықларын жыйнастырып атырғанымда кирип келди. Оның үстине бөлме иши де ала түтин еди ғой, сен де шеге бердиң, шеге бердиң.

— Оның келип қалатуғынын қайдан билейин, айтпасаң сен.

— Ол өзи сөйтип жүреди, сен оны билмейсең, Паша, ол бир нәрсени айтпайды, айтса атқанынан қайтпайды. Тез Москвадан шығып, қашып кетиўимиз керек. Надя аяғымызға ораў болады, сонлықтан оны Полина Николаевнаға таслап кетемен. Ол ақ көкирек нашар, қызымды хорламайды, жылатпай бағады. Бир жағынан Надяны қалдырып кетиўге көзим де қыймай тур. Бирақ иләж жоқ, Аллаяр бала жанлы адам, қызымды алып кетсем жердиң үстинде тири жүрсем таўып алады мени.

— Билдирмей усы Москвада ақ жүре бермеймиз бе! Ол еки бастан Башқуртстанда ғой!

— Яқ, ол ояқтан жумыстан шыққан, Москваға келмекши, қабыл алса Қарақалпақстанына кетеди. Неге үндемей қалдың!

— Не қыларымды билмей турыппан.

— Атылып өлгиң келмесе бола ғой енди, Аллаярдың қуралы барынан хабарың бар ма!! Онда нешше түрли қурал бар, баяғыда Шайдаков саўға еткен...

Зәкийра трубканы қойып есикке қарай жуўырды. Бирақ бир нәрсе ядына түсип, кейнине қайтты да, тағы телефонға асылды:

— Полина Николаевна, өтиниш сизден, бизиң Надечкаға қарап турың. Менде асығыс бир жумыс шығып қалды. Жайды ашық таслап кеттим.

Зәкийра трубканы жаўып таслады. Бир нәрсениң боларын билгендей, Үмит «үйге бараман», деп жылады.

— Жылама, Надюша, мамаң ҳәзир келеди. Мына ойыншықларыңды ал, кийин, үйиңе барайық, папаң қайда екен сениң!!

Олар жоқарғы қабаттан төмен түсти де, үйге келди. Есик ашық, бөлме иши әйўан-жәйўан. Сырттан киятырған аяқ сести еситилди. Бул үйине асығыс киятырған Аллаяр еди.

— Зәкийра, Зәкийра, қаяқтасаң сен!! — деп сөйлениўим менен ишке кирди ол.

— Ҳаялыңыз телефоннан маған өтиниш етип, қоңыраў етти., Надяға қарап тур, деди. Тез айланып келетуғынын айтты, — деди Полина.

Демек қашшан табысқан екен дә...

— Қой, мына Надяның көзинше ондай гәпти айта бермең, Аллаяр аға. Ҳеш те қапа болмаң, өмирде оннан да жаман ислер болады. Лекин адам барлығына көне береди. «Бас қатты ма, тас қатты ма» деген сол.

—Қаяқта екен ол, мен оны жазалаўым керек. Оның Үмитке, қарақалпақтың үмитине ана болыўға ҳақысы жоқ!

— Қой, өзиңизди басың, Аллаяр аға, муҳаббатқа зорлық жараспайды.

— Ол айтқаның дурыс, Полина, бирақ мен ҳәзир Надяның сени жатырқамағанына қуўандым.

— Ой, оннан ғам шекпең, ол маған қундағынан үйренип, баўыр басып кеткен, оның ҳақыйқат «нянки»симен ғой, ақыры!

— Солай ма, еле!! Не деген парасатлы нашарсаң, Полина, усындай етип тәрбиялаған ата-апаңа рахмет сениң. Неде болса, өтинишим, кишкене Надечкадан меҳириңди аяма.

— Неге аяйды екенмен, ол өзи туўылғалы мениң қызым ғой, үйинде аз болғаннан кейин, тек те папасы оны билмейди.

— Аўа, аўа, ол жағы дурыс, неде болса, усындай қыйын-қыстаўлы күнлерде жәрдем ет бизге, Полина. Өзиң билесең, хызметкер шаңарағында өскенсең, бизиң жумысларда сылтаў болмайды, мәмлекетлик ис жеке мәптеп жоқары турады.

— Билемен ғой оны Аллаяр аға, сиз биймәлел жумысыңызды ислей бериң, мен Надюшаға өзим қарап тураман. Оған шекем Зәкийра апа да, келип қалар.

Олардың үмити пуш шықты. Түн жарпына шекем уйқыламай отырды олар. Бәри-бир азанда да, ертеңине де, оннан соңғы күни де Зәкийрадан хабар атар болмады.

Ал Аллаярды болса тәғдир усылайынша Полина менен дусластырды. Деген менен өзинен бираз жас киши Полинаға ол кеўлиндеги гәпти батынып айта алмады. Сонда оның ишиндеги дебдиўди шығарыўға Полинаның өзи себепши болды.

— Аллаяр аға, неге қамсығып отырсыз, мине Надечка мөнтийип уйқылап атыр, анасын сирә да жойтып атырған жоқ, оның қасында мен болсам болды,— деди ол.

—Аўа, бирақ ананың аты ана дә, қәнекей бирдейине оның қасында сен бола берсең, өз перзентиңдей көрсең оны. Қәдир-қымбатын билген адамға ана не деген татлы, оның орнын ҳеш нәрсе толтыра алмайды. Сонда анасы бола тура Зәкийра оны қалайынша көзи қыйып таслап кетти екен! Өмир деген: биреў перзентке зар, биреў перзенттен бийзар. Бәринен де қызыма қыйын болды. Тири жетим болғандай не гүнасы бар еди оның!! Қызым Еркин болса ерте өлип кетти. Енди жалғыз ғана перзентим — Үмиттиң қызығын көрмей жасаў инсаптан емес шығар! Сонда мениң қызыма қалған

жағында аналық меҳрин бергендей ким бар!! Ким! Ҳәзирше сизден басқа ҳешкимди көре алмай турман, Полина Николаевна, сизден басқа қәўендер болғандай ҳешкимим жоқ мениң..

Даўыслары дирилдеп, Аллаярдың көзлерине жас айланып кетти.

—Қойың, Аллаяр аға, еркек адамның көз жас төккени қолайсыз болады, буннан да қыйын жағдайларға төтепки бергенсиз, ендиги жағында да мәрт болың, исенсеңиз мен сизиң менен барлық қыйыншылықларға да көниўге қайылман.

Олар бири-бирине үнсиз жақынласты... Сол күннен баслап олар ерли-зайып болды. Енди үшеўи бирге жасай баслады.

Арадан көп ўақыт өтпей, булардың есигин бир киси келип қақты:

— Светлицкая Полина Николаевна сиз бе!

— Аўа.

— Әкеңиз Сибирьде, түрмеде қайтыс болыпты. Әменгери болмаған соң сол жақта жерленген. Жоқарыда әкеңиздиң атында квартира бар екен. Биз оны мәмлекеттиң есабына аламыз. Себеби сиз ол жерде жасамайсыз, Досназаровқа турмысқа шыққансыз. Солай ма!

— Солай, бирақ Аллаярдың ҳаялы қайтып келсе не қыламан!

— Ол сизиң машқалаңыз. Қәне, затларыңды ал да, гилтти тапсыр бизге.

— Тоқта, Аллаяр келсин, бир өзим шкафларды көтере алмайман ғой.

— Онда кешке дейин мәўлет беремен саған, кешиксең өкпелеме, адам әкелип, сыртқа шығарып таслайман!

— Сиз өзи ким боласыз!

— Мениң фамилиям Мельников, үй хожалығы басқармасының баслығыман, айтпақшы, умытып баратыр екенмен, мынаў әкеңниң түрмеде өлгени ҳаққындағы гүўалық қағазлар.

Полина үй хожалығы басқармасының күни мененги гәплерине исенбей турған қусайды, ҳүжжетлерди көргеннен кейин әптен албырап, естен танып қалды. Мельников басы бәлеге қалып, қоңсыларды жыйнап, оның бетине суў бүркип отырғанда бул ўақыяның үстине Аллаяр кирип келди.

Полинаның әкесиниң өлимин олар қабырғасы қайысып, үстилерине қара кийип, бир-неше күнлер даўамында азалады. Бенде бәрине де көнеди екен. Қайғы-ғам кем-кем умыт бола баслады.

Бир күни жумыс сорап Кремль есиклеринде сергиздан-себил болып жүрген Аллаяр үйге қуўанышлы кейипте кирип келди.

— Полина, қутлықла мени! — деди ол жүреги ҳалласлап.

— Айта бер, не менен қутлықлайын.

— Мен Москвада қалатуғын болдым. Маған «Металлострой» тресги басқарыўшысының орынбасары лаўазымы берилди, — деди ол.

— Жүдә жақсы, қутлықлайман.

— Енди Надюша үшеўимиз биймәлел бирге жасаймыз. Келешекте мени Қарақалпақстанға жибериўи мүмкин. Мени жумысқа орналастырыў ҳаққында ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының биринши секретары И.Алиевке, Қарақалпақстан АССР орайлық атқарыў комитетиниң председатели Н.Сапаровқа, Халық комиссарлар кеңесиниң председатели Қ.Әўезовқа өтиниш хат жазылды, тез арада жуўап келип қалар.

Аллаяр күткен қуўанышлы ўақыя жүз бере коймады. Себеби Қарақалпақстанның сол ўақыттағы басшылары А.Досназаровтың Қарақалпақстанға келип ислеўин қәлемеди. Ал Москвада болса, оның искерлигин айрықша баҳалап, оған үлкен исеним билдирип, конкрет жумыс тапсырды. Ол енди «Металлист» заводының директоры болып ислей баслады.

Бул ўақытлары Қарақалпақстанда халық хожалығының барлық тараўларын көтериў бойынша таярлық ислери көрилип атырған еди.

Сонлықтан Аллаярдың еси-дәрти Қарақалпақстанға қайтыў болды. Бар билимин, тәжирийбесин, күш-жигерин, туўылып өскен елине хызмет етиўге бағышлаған ол, елге қайтыў нийетинде Москвадағы Қарақалпақстанның турақлы ўәкилханасының баслығы Қасым Әўезовтың алдына бирнеше мәрте барды. Бунның өтинишине бола төмендеги мазмунда телеграмма жолланды: «Төрткүл. Обкомға. Досназаров Аллаяр Төрткүлге барып ислеўге ырзашылық билдирди. Сиз оны қандай жумысқа пайдаланатуғыныңызды ВКП(б) орайлық комитетине, көширмесин турақлы ўәкилханаға телеграф арқалы хабарлаң».

Қарақалпақстанда бул телеграммага итибар бергендей жан болмады. Оның исенген, баўырына тартқан адамлары оған қылаплық етти, бийопа болып шықты.

Сонда да Аллаяр үмидиўар болып, жақсы хабарды шыдамлылық пенен күтти. 1934-жыл келди. Бул өзи дүзген Қарақалпақстанның 10 жыллық юбилей жылы еди. Өз елиниң ҳадалый перзенти сыпатында халқының қуўанышына да, қайғысына да ортақ Аллаяр бул тарийхый сәнени босқа жибере алмады. Көкиреги ели ушын мақтаныш сезимлерине толы ол, Москвадан шығатуғын «Революционный Восток» журналының 1934-жыл 6 санына «Қарақалпақстан

АССРының он жыллығына» атлы мақаласын жәриялады. Онда Досназаров он жыл ишинде халық хожалығының барлық тараўларында қолға киргизген жетискенликлерге тоқтай отырып, басқарыўда жиберилип атырған қәте-кемшиликлерди де сынға алды, областлық партия комитетиниң секретарлары Чурбанов ҳәм Моринди жөликшиликте ҳәм көзбояўшылықта гүналап, оларды жуўапқа тартыўды талап етти. Бир қатар жазыўшылардың шығармаларында миллетшиллик сезимлериниң орын алғанлығын әшкаралады.

Соңғылықта бул «ғайраткерлер» Аллаярдың алдында қарыздар болып қалмады, оның үстинен дөҳметке толы ғәзепли хатларды, домалақ арзаларды жоқарғы органлардың адресине қардай боратты.

Аллаяр оннан өш алыў ушын исленип атырған бундай иплəс ислерден пүткиллей бийхабар еди. 1934-жылдың гүзинде ол мийнет отпускасын алып, туўылып өскен мәканы — Қарақалпақстанға келди. Пахта ҳәм басқа да аўылхолжалық өнимлерин таярлаў бойынша жобаны орынлаў ушын гүрес қызғын жүрип атырған мәҳәл еди. Досназаровтың келгенин билип «Средазполитсекторы»ның басқарыўшысының орынбасары Шестакович ВКП(б) орай-

лық комитети Өрта Азия бюросына А. Досназаровты ҚҚАССР Халхабад МТСының сиясий бөлиминиң баслығы етип бекитиўди усыныс етти ҳәм Аллаярды усы лаўазымға тастыйықлаўды ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының секретары И.С.Алиевтен өтиниш етти.

Лекин бул ўақыя жүз бермеди. Себеби елдиң сол ўақыттағы басшылары өз халқының ҳақыйқый патриоты, талапшаң Аллаяр Досназаровтың Қарақалпақстанға келиўинен қорықты, саўатсызлығына барып, қара басының ғамын ойлап ис тутты, елдиң, халықтың мәпин жоқары қоя алмады, өз көлеңкесинен қорқып жасады.

Бул ўақытларда улыўма аўқамлық көлемде белгили мәмлекетлик ғайраткерлерди қуўдалаў мапазы басланып атыр еди.

## 13. Сатқынлық

Қарақеңниң ақ көкирек миймандослығы қайда болса да қалмайтуғыны ҳәммеге мәлим. Москвада оқып, билим алып атырған қарақалпақ жаслары дем алыс күнлери Аллаяр Досназаровтың үйине қыдырып баратуғын еди. Әсиресе, степендия алған пайытта олардың топары жүдә көбейип кетер еди. Өзлериниң жетисkенликлерин, кемшиликлерин айты-

сады, Қарақалпақстанда, Москвада болып атырған ўақыяларды сөз етеди, бундайда, әлбетте, сиясат сирә да шетте қалмайды. Сонда олар көбирек Аллаярды тыңлағанды жақсы көреди. Досназаров айтқан пикир олардың көпшилиги ушын хат пенен қәлем болып қалады. Оның үстине Аллаяр материаллық жақтан қыйналып жүрген студентлерге жәрдем бериўде жан-тәнин аямайды.

Оның жасап атырған жайы айтарлықтай кең болмаса да, ол Төрткүлден Москва қаласына стенографистлер таярлайтуғын курсқа оқыўға жиберилген иниси Сейилбек Журынбаевты, аталас ағайини Ғаний Дошумовты үйинде сақлайды, ГИТИСте оқыйтуғын Жолмурза Аймурзаевқа «шығарма дөретсин», деп бир бөлмесин бас пүткил берип қояды. Олардың кейнинен де дослары келеди, сонлықтан оның үйи гейде «Шымбайдың шар базарына» усап кетер еди.

1935-жылдың 24-январындағы түн олар ушын барлығынан да айрықша болды. Бул күни Аллаяр Досназаров үйине күндегиден кешлетип келди, ол үнсиз ҳәм қапа еди. Күйеўиниң ҳасла қабақ шытқанын көрмеген Полина Николаевна Аллаярдың еки ийниниң түсип, әбигерленип турғанын дәрҳал-ақ сезди.

— Не болды, Аллаяр, мазаң жоқ ғой, бир жериң аўырып турғаннан аманбысаң! — деди Полина Николаевна.

— Аўҳал шатақ, Ленинградта Сергей Миронович Киров атып өлтирилген. Усыған байланыслы рухсатсыз қурал-жарақ сақлаған адам болса, оларға жаза қолланылып атыр,-деп аўыр гүрсинди ол.

— Иләж қанша Аллаяр аға, «өлмектиң изинен өлмек жоқ», — деп жабырласты жыйнальган жигитлер.

— Айтажағым ол емес-аў, — деп тағы ашылысты Аллаяр.-Шайдаков пенен жүргенимде Хорезм халық республикасы басшылары тәрепинен сыйлыққа берилген қурал-жарақларым бар еди, оларды тапсырайын десем, «өзиңди-өзиң қорғаўың ушын қалдырамыз», деп қарар шығарып берди. Буны ҳәзир дурыс түсинетуғын адам бар ма! Қурал-жарақты ҳәр қыйлы мүддетлерде дизимнен өткерип турыў керек. Ҳәр сапар барғанымда маған НКВД хызметкерлери үлкен гүман менен қарайды. Соңғы гезлери «Қарақалпақстанға қайтаман ба» деген нийетте жумыстан босап едим, ол жақтан еле шақырық жоқ. Кремль қабыллаўханаларынан бармаған есигим қалмады, басшылары әпиўайы халық пенен сөйлескенди пүткиллей қойған екен, хатшылары арзаңды алып

қалады да, тартпаның түбине таслайды, оннан хабар-атар болмайды, сирә. Мине енди мен я аржақлық емеспен, я бержақлық емеспен, соған қыйналып турғаным ғой. Сизлерден несин жасырайын, өзлериңизден басқа кимим бар мениң, — деп Аллаяр қурал-жарақларын ҳәм оны алып жүриўге ҳуқық берилген гүўаль-ларын жыйналғанларға көрсетти.

Бираздан соң бул гәп басылып қалды, жигитлер шай ишти, биразлар темеки шегиўге сыртқа кетти, биреў кирди, биреў шықты. Солай етип, таң алдында ҳәмме тарқасты.

Бул ўақытта есиктиң алдына НКВДның қара машинасы әлле қашан келип турған еди. Қәпелимде қолында қуралы бар еки солдат басқыштан жоқарыға қарай көтерилип кетти. Есиктиң алдында да қураллы НКВД хызмет-керлери баршылық еди. Олар иштен шығып киятырғанларды иркти:

— Лестницаның астына кириң! — деди олар-дың биреўи ҳәм мылтықтың қундағы менен түйип, жигитлерди мушқа тықты.

Соның арасында жоқарыдан үсти-үстине тоқылдаған даўыс еситилди ҳәм ғаўырласқан адамлар сөйленип сыртқа шықты. Сол заматта шыңғырып жылаған ҳаял сести еситилди.

— Полина жеңгей ғой! — деди баспалдақ-тың астында турғанлардан шыдамаған оның қәйниси, үйинде жатып оқып атырған Ғаний.

— «Молчать!» — деп НКВД хызметкери желкесинен түйгеннен кейин ол да тым-тырыс болды.

Соның арасында алдында қурал көтерген бир адам, кейнинде еки НКВД хызметкери кительли биреўди пәске алып түсти. Көзиниң қыйығын салып қараған жигитлер бул айдаўда киятырған азамат Аллаяр Досназаров екенин анық билди.

— Аллаяр аға! — деп ҳәсиретли даўыс пенен қышқырып жиберди Төреш, бирақ дүңкиўден жүреклери жарылып қалған басқа жигитлер ҳасла тил қата алмады.

Жоқарыдан түсип киятырған Аллаяр мушқа ериксиз тығылып турған аўылласларын көрип, иркилип қалды, бирақ кейнинен киятырған қураллы адам қундақ пенен нуқып жибергенликтен ол илажсыз, үндей алмай алға қарай сүрмелеклеп жүрип кетти. Ол жалаң бас, аўзы мурны даладай қан, қозы тери жағасы бар пальтосының алды илинбеген ҳалда кетип баратыр еди. Оны қара машинаның ишине күшлеп тықты. Машина хотланғаннан кейин студентлердиң қасында турған НКВД хызметкери де көзден ғайып болды.

Қураллы адамлар кеткеннен соң батырсынған жигитлер «неде болса аўҳалды билейик» деп жоқарыға көтерилди. Есикти ашқан

олар тахта еденлердиң қопарылғанлығының, тинтилип, тысы жыртылған көпшиклер жерде жайрап, бөлме ишин аппақ пәр қаплап кеткенлигин көрди.

Болған ўақыялардан әптен ҳүрейи ушқан Үмит кроваттың астына тығылып, бир у. ыс болып отырған, ал Полина жеңгей еденде талып жатырған еди.

Елим, деп еңиреген қарақалпақ халқының жигербент перзентин қаматып, үрим-путақларын бул аўҳалға салған кимлер екен! Олар Аллаярдың ақ дузын ишип, НКВД берген арзымаған «ҳақы» ушын сатқынлық етип, араларында жүр екен дә! Ким, кимлер олар!

НКВД хызметкерлери жақсы билген бул ипләс кимселерди қарақалпақстанлылар биле алмады. Енди олар бир-биринен гүман етип, көлеңкесинен қорқа баслады. Ашықтан-ашық сөйлесиўлер, сыр шертисиўлер, досласыў дегенлер пүткиллей қалып кетти. Кеўиллерге уялаған гүман думан сыяқлы ҳасла серпилмес еди. Олар қасында турған дос па, яки душпан ба, сирә айыра алмас еди.

«Ўақытты адамлар жаратады» дейди, олай болса адамлар ўақытты ойыншыққа айландырып, өзлери инсаныйлық пазыйлетлерин жойтып арзагөйге айлана баслады.

Сатқынлық. Ол адамыйзаттың бойына питкен ең пәс пазийлетлериниң бири, ол маймылдан инсанға толық айланып болмағанлардың қәлбинен орын алатуғын болса керек. Аллаярдың басына жеткен де, ол исенип гәп айтқан адамлардағы мине усы пәс пазийлет еди.

## 14. Дөҳмет

Ҳәрбир истиң басламасы болады. Қарақалпақ халқының жигербент перзенти Аллаяр Досназаровтың үстинен қозғалған қара нийетли истиң басламасы бир бет ақ қағазға машинкада басылған рапорт еди. Ол төмендеги мазмунда жазылды:

Совет Социалистлик Республикалар Союзы
Ишки ислер халық комиссарының орынбасары

Жолдас ПРОКОФЬЕВқа

РАПОРТ

Москвадағы үшинши Советлер үйиниң ҳәўлисинде жасайтуғын, 1918-жылдан ВКП(б) ағзасы, миллети қарақалпақ, Москва қулып соғыў заводының бурынғы директоры, ҳәзир ҳеш жерде ислемейтуғын Досназаров Аллаяр кескин антисоветлик көз-қараста болып, Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкимети көсемлерине қарсы террористлик нийетте екенлигин айтып жүр.

Досназаров усы жылдың 24-январында ВКП(б) Орайлық Комитетиниң секретарларының биреўин өлтирмекши екенлигин билдирди, бундай террористлик актти иске асырыўы ушын оның қуралы (наганы) бар.

Досназаров Аллаярды қамаққа алыўға сизиң санкция бериўиңизди сорайман.

НКВДның Мәмлекетлик қәўипсизлик Бас басқармасы баслығының орынбасары (ГОРБ).

*1935-жыл 25-январь*

Прокофьевқа бул рапорт НКВД Мәмлекетлик қәўипсизлик Бас Басқармасы (ГУГБ) оператив бөлими баслығының орынбасары Горбтың атынан таярланды. Лекин Горб буған қол қойған жоқ. Рапорттың текстин дүзген Ишки Ислер Халық Комиссариаты Мәмлекетлик Қәўипсизлик Бас Басқармасының оператив бөлиминиң хызметкери Айзенберг еди. Сонлықтан да ол рапорттың мазмунын телефон арқалы Горбқа, партиялық қадағалаў комитетиниң хызметкери Шкирятовқа оқып берди де, олардан қамақ ушын келисим алды ҳәм рапорттың төменине бұның дурыслығы ҳаққында өзи қол қойып, сол күнги сәне 1935-жылдың 25-январын қара сыя менен жазды.

Солай етип, қара нийетли ис басланды. Ўақыяны созбай, сол күнги сәне менен СССР Ишки Ислер Халық Комиссариаты баслығының орынбасары Прокофьев, Мәмлекетлик қәўипсизлик Бас Басқармасы оператив бөлими баслығының орынбасары Горб 1696-санлы Ордерди Айзенбергке услатып, Аллаяр Досназаровты қамаў ҳәм оның үйин тинтиў жумысларын кешиктирмей баслап жиберди. Усылай етип, Аллаярдың тәғдирин биринши басшыға айтпастан, гилкий орынбасарлар-ақ ап-аңсат шешти.

Машинкада шаппаттай қағаз таярланды. Ол төмендеги адреске жазылған еди:

*1935-жыл 25-январь*

**НКВДның ишки изоляторының баслығына**
**УСО ГУГБ НКВД СССР**

Қамаққа алынған Досназаров Аллаярды гүзет астында услаў ушын НКВД ишки изоляторының улыўма камерасына орналастырыўыңызды соранамыз, оны услаў ушын жумсалған қаржылар Ишки Ислер халық комиссариаты Мәмлекетлик Қәўипсизлик Бас Басқармасының 3 оператив бөлиминиң есабына жазылсын.

Қамақтағы Абдурашитов В. Бутыр изоляторына жиберилсин.

**Зам.нач. 00 ГУГБ НКВД (ГОРБ)**
**Пом.нач. 3 отд. ГУГБ (НАЗАРОВ)**

Аллаярды ай-күн көрмейтуғын жерге қамаған Айзенберг өзинше үлкен ис питкерген адамдай, оғада кеўилли еди. Қәпелимде оны баслығы Горб шақырып қалды. Жан ийнине от түсип, ол ҳалқылаўы менен баслығының алдына жетип барды. Қолын шекесине тийгизип бир нәрселерди быдырлап атыр еди, Горб оны дәрҳал тоқтатты. Оның столының үстинде Аллаяр Досназаровтың ҳүжжетлери жайылып жатыр еди.

— Айзенберг, бул ис бойынша протокол қаяқта!— деди Горб.

— Жоқ, оны дүзбедик, бурын сиз протокол талап етпейтуғын едиңиз.

— Әй, ахмақ, сениң қамаққа әкелип отырған адамың әнейи инсан емес, ол 1918-жылдан ВКП(б) ағзасы, оның үстине қурал-жарақ алып жүриўге ҳуқықы бар екен ғой, мына гүўалықларды көзиң көрмеди ме, сениң!

Айзенберг үнсиз қалды.

— Тез бар, үй хожалығы басқармасынан ўәкил ал да, гүўа жыйна, протокол дүз, онда

«қурал сақлаў мүддети өтип кеткен», деп жаз, болмаса оны бул жерде бир минут та услап турыўға ҳақың жоқ, — деди Горб.

Айзенберг бөлмеден зытып шықты, ГУГБ дан жәрдемге бир адам алды да, үй хожалығы басқармасына барды, соң Досназаров жасайтуғын жайға гүўаларды шақыртып, протокол дүзди. Алжаспаўы ушын Айзенберг текстти оқып, Л.Стручков деген оның жәрдемшиси протоколды жазып турды. Олардың Досназаровты қамап болып, ертеңине 26-январьда толтырған протоколы төмендеги мазмунда еди:

ПРОТОКОЛ

СССР НКВДсы Мәмлекетлик Қәўипсизлик Бас Басқармасының 1935-жыл 25-январьда берилген 1696-санлы ордери тийкарында Досназаров Аллаярдың, Божедомский переулок, ЦИКтиң 3-үйи, 1-жай, 49 бөлмесинде тинтиў жүргизилди.

Тинтиў ўақтында Досназаров Аллаяр, Харитонов П.Ив., Мельников А.И., Назаров, Айзенберг, Стручков, Ибниаминов, Межри Ходжа қатнасты.

Көрсетилген мағлыўматларға тийкарланып гражданин Досназаров Аллаяр қамаққа алынды.

Мәмлекетлик Қәўипсизлик Бас Басқармасына апарыў ушын төмендеги затлар алынды:

1. Наган системасындағы 112360-санлы револьвер, оған тийисли 99 патрон.

2. 6267-санлы, үш жоллы рус карабини, оған тийисли 99 патрон.

3. Досназаров Аллаярдың атына жазылған 323059-санлы 3 жыллық мүддеттеги паспорт.

4. 3116/28608 санлардағы ОГПУ гүўалықлары: 112360-санлы наганды ҳәм 6267-санлы карабин винтовкасын алып жүриў ҳәм өзинде сақлаў ҳуқықы менен Досназаров Аллаярдың атына берилген гүўалықлардың мүддети 1934-жылдың 7-октябринде питкен.

5. ВКП(б) ЦККның 2 ис қағазы. Исхаков Октям Сулейманға ҳәм Жокутов Ибрайға және Дос Чинскийге тийисли.

6. Ҳәрқыйлы хатлар, ҳүжжетлер, сүўретлер.

Тинтиўди Оперодтың комиссары Айзенберг жүргизди.

Тинтиў ўақтында арза, шағым түспеди.

Үй хожалығы басқармасының ўәкили (3 адам қол қойған).

ГУГБ Оперодтың тинтиў жүргизген комиссары (2 адам қол қойған).

Протоколдың көширмесин алдым (бул графа ашық, Аллаярдың қолы жоқ).

*1935-жыл 26-январь.*

Айзенберг протоколды Горбтың алдына әкелип қойды. Ол көз әйнегин кийип, протоколды асықпай оқыды ҳәм «Гүўалықтың мүддети 1934-жылдың 7-октябринде питкен» деген жазыўды бармағы менен басып турды.

—Әне, буның жарайды, биз «гүнәкар» деп әкелген адамымыз гүнәкар болмай шығып кетсе, бизге жақсы емес ғой, ақыры. Билесең бе, таяқтың еки ушы бар. Ал енди «протоколдың көширмесин алдым» деп Досназаровқа қалай қол қойдырасаң!

— Билмедим, ўақтында исленбегенликтен енди қол қоймас, ол жүдә бир өжет адам екен, айтысыўға шаршамайды, саўатлы, бирақ соныңдай тик минез, ғайбарлығынан, ҳақыйқатшыллығынан жанып жүрген маңлайы қара ғой.

—Әй, яқшы онда, гүўа болған адамлардың қоллары ҳақыйқый ма, әсиресе, аиа аўылласлары гәпинен тайып кетпесин.

—Яқ, яқ, олардың барлығының да антын алдым.

—Бопты онда, тергеў ал да, протоколға қол қойдыр, ең болмаса сонда қәтелигин мойнына алсын. Қатал бол, билмейсең бе, шақын сындырыўдың иләжлары бизде көп ғой.

—Болады, болады, жиппиктей етемен оны,- деди Айзенберг.

Аллаяр Досназаровты тергеў 1935-жылдың 4-февралында болды. Оған Айзенберг қысқа, бир ғана сораў берди:

СОРАЎ: — Сиз тәрепинен партия басшылығына ҳәм оның сиясатына наразылық болды ма!

ЖУЎАП:-ВКП(б) басшылығына ҳәм партияның айырым иләжларына наразылық билдиргеним ушын мен өзимди гүнакар деп есаплайман. Өз наразылығымды мен гейде өз жолдасларымның арасында айтатуғын едим. Мениң наразылығым, меннен надурыс пайдаланып атырғанын сезгенимниң себебинен пайда болды. Бурынлары жуўанкерли лаўазымларда ислеген мен ҳәзирги ўақытта да, жуўапкерли лаўазымларды ийелеўге уқыбым бар, деп есапладым.

Мениң наразылығым кем-кем кескинлесип ҳәм күшейип бара берди, себеби мениң партия басшылығына еткен өтинишлерим қанаатландырарлық нәтийже бермеди. Мәселен, 1934-жылдың октябринде мен еки мәрте жолдас Кагановичтиң алдына кирмекши болдым, бирақ қабыл алынбадым, ноябрьде ВКП(б) Орайлық Комитетиниң хызметкери жолдас Ежовтың алдына кирмекши болып, үш мәрте бардым, бирақ бәри-бир бурынғыдай қабыл етилмедим, соннан кейин жолдас Сталинге хат жаздым,

оған тек қамаққа алынарымның алдында ғана ЦК дан жуўап алдым.

Мине усы наразылықларды мен партияның миллий сиясатына, ески кадрларға көз қарасы мәселелерине аўдардым.

Әңгимелерде мен миллий сиясаттың жүргизилиўин әшкараладым, оған мысал иретинде Қарақалпақстанды айттым, ол жерде, мениң көрсеткенимдей, экономикалық раўажланыў жоқ, жаңа кадрлар таярланбай атыр.

Мүмкин, наразылық ашыўы менен Сталин ҳәм Каганович жолдасларға қарсы пикир айтқан болыўым итимал, бирақ оларға қәўип туўдырғанымды еслей алмайман.

Протокол маған оқып берилди, дурыс жазылған (Досназаров)

Тергеў алған:

ГУГБ 3 оператив бөлиминиң ўәкили (Айзенберг)

Аллаярдың жуўабындағы биринши гәпти Айзенбергтиң өзи ойлап тапты. Себеби «ол кейин не десе, о десин», сол айтылған гәптиң өзи оны узақ мүддетте қамаўға жеткиликли еди.

Айзенберг тергеў протоколын Аллаярға оқып берген жоқ, оған «дурыс жазылған» деп қол да қойдырмады. Ол ақыл-еси дүзиў ўақытта Аллаярдың наҳақлыққа бармайтуғынын биле-

туғын еди. Сонлықтан дәрҳал тергеў протоколы тийкарында қарар таярлады:

**Қылмыстың алдын алыў ҳәм айып тағыў ҳаққында қарар**

Москва қаласы, 1935-жыл 8-февраль күни мен Айзенберг-НКВД Мәмлекетлик Қәўипсизлик Бас Басқармасы айрықша бөлиминиң 3 бөлимшесиниң оператив ислер бойынша ўәкили, 920 санлы ис бойынша тергеў материалларын қарап шығып ҳәм Досназаров Аллаяр Қоразовичтиң, 1896-туўылған, қарақалпақ, Қарақалпақстан АССРының пухарасы, СССР граждани, ВКП(б) ағзасы, хызметкер, бурынғы қызыл партизан екенлигин есапқа алып, оның партияның ҳәм совет ҳүкиметиниң, атап айтқанда миллий сиясат тараўындағы иләжларын әшкаралап, контрреволюциялық үгит жүргизгени ушын, коммунистлик партияның көсемлери жөнинде террористлик нийетте болып, нызамсыз түрде 66 патроны менен револьвер наган, 99 патроны менен рус карабинин сақлағаны ушын жетерли дәрежеде айыплы, деп таўып

**ҚАРАР ЕТТИМ:**

Гражданин Досназаров Аллаяр Жынаят кодексиниң 58-8 статьясы менен айыплы, деп

жуўапқа тартылсын, тергеўден ҳәм судтан бас тартыў мүмкиншиликлерин болдырмаў ушын НКВДның ишки изоляторына гүзет астында сақлаў белгиленсин.

Опер.уполном. 3 отд 00 ГУГБ
Айзенберг (қолы)
«Согласен». Нач. 3 отд 00 ГУГБ НКВД
Назаров (қолы)

Усы қарар маған дағазаланды

*10 февраль 1935-жыл*

Айыпланыўшының қолы (Досназаров)

Мине бул Аллаяр Досназаровқа айып тағылған биринши қарар еди. Ол 1935-жыл 8-февральда жазылып, 10-февральда Досназаровқа дағазаланды, есап-сансыз азап ақыретлерден кейин, таяқтан естен танып, силеси қатқан Аллаяр оған бармақлары дирилдеп қол қойды, оның басқа иләжы да жоқ еди, себеби 10-күни дағазаланған бул қарардың шекесине 8-февраль күнниң өзинде-ақ, «тастыйықлайман» деп НКВД Мәмлекетлик Қәўипсизлик бас басқармасының оператив бөлими баслығының орынбасары Горб, «қамақта услаўға келисим беремен» деп изолятор баслығы (жазыўынан фамилиясы белғисиз) қол қойған еди.

Аллаярдың төбесине дөнген қара думан кем-кем қойыўлана баслады. Ол ҳаққында жала, дөҳметлер үсти-үстине қосылып, өз алдына том болып, 1935-жылдың 8-апрелинде СССР Жоқарғы суды әскерий коллегиясының Москва қаласында өткерилген жабық суд мәжилисине жетип барды. 920 санлы ис бойынша мәжилис түн жарпынан аўғанда, саат 3 те басланды, оған айыплаўшы да, қорғаўшы да қатнасқан жоқ.

СССР Жоқарғы суды Әскерий коллегиясының бийлиги төмендегише жазылды:

**ДЕЛО № 0023**
**СОВ.СЕКРЕТНО.**
**П Р И Г О В О Р № 31**
**ИМЕНЕМ СОЮЗА СОВЕТСКИХ СОЦИАЛИСТИЧЕСКИХ РЕСПУБЛИК**
**ВОЕННАЯ КОЛЛЕГИЯ ВЕРХОВНОГО СУДА СОЮЗА ССР в составе:**
**ПРЕДСЕДАТЕЛЬСТВУЮЩЕГО-ГОРЯЧЕВА**
**ЧЛЕНОВ: т.т. РУТМАН И ОРЛОВА**
**ПРИ СЕКРЕТАРЕ тов. КУДРЯВЦЕВЕ**

В закрытом судебном заседании, в гор. Москве, 8 апреля 1935 г. без участия обвинения и защиты, рассмотрела дело по обвинению: ДОСНАЗАРОВА АЛЛАЯРА КОРАЗОВИЧА, 1896 г.р. по национальности кара-

калпака, члена ВКП(б), с высшим образованием, по социальному положению служащего, ранее несудимого, уроженца Каракалпакской АССР, Тахтакупырского района, аула №10, в преступлении, предусмотренном ст 58-8 УК РСФСР.

Предварительным и судебным следствием установлено следующее:

Будучи не согласен с национальной политикой компартии, ДОСНАЗАРОВ со второй половины 1934 г. стал открыто высказывать недовольство руководством партии и проводимой им политикой в Каракалпакской АССР, где ДОСНАЗАРОВ ранее работал.

В связи с злодейским убийством С. М. КИРОВА, ДОСНАЗАРОВ вел среди своих друзей и знакомых контрреволюционные разговоры, высказывая сожаление по поводу расстреленных террористов и проявлял недовольство мероприятиями Советской власти, проводимыми в связи с этим убийством. Эти его контрреволюционные настроения и разговоры в дальнейшем вылились в террористические намерения, направленные против руководителей партии.

На основании изложенного Военная коллегия Верховного суда Союза ССР признала ДОСНАЗАРОВА виновным в совершении преступления, предусмотренного ст. 58-8 УК РСФСР и

**П Р И Г О В А Р И Л А:**

ДОСНАЗАРОВА Аллаяра Коразовича к лишению свободы на десять лет, без конфискации имущества за отсутствием такового, и без поражения в правах.

Зачесть предварительное до суда заключение и срок исчеслять с 25-го января 1935 года.

**ПРИГОВОР ОКОНЧАТЕЛЬНЫЙ И ОБЖАЛОВАНИЮ НЕ ПОДЛЕЖИТ.**

**П.п. ПРЕДСЕДАТЕЛЬСТВУЮЩИЙ (ГОРЯЧЕВ)**

**ЧЛЕНЫ: (ОРЛОВ), (РУТМАН)**

**ВЕРНО: СЕКРЕТАРЬ ВК ВС СССР (КУДРЯВЦЕВ)**

Отп. 6 экз.

Аллаяр судтың әдиллигине исенер еди. Енди оның бул үмитлери де пуш болды. СССР Жоқарғы судының Әскерий Коллегиясы, Айзенберг Аллаярға қайсындай статья менен айып қойған болса, тап сол статья менен өзгериссиз он жылға сотлады.

1935-жылдың 22-апрелинде Досназаров қолына кисен салынып, НКВДның Беломор-Балтик каналы дүзетиў-мийнет лагерине алып келинди. Оның енди исми-шәрийпи айтылмай, ол Д-9803 деп, жолақ кийимдеги цифрлар менен шақырылар еди.

## 15. Полина Николаевна

Аллаярдың қамаққа алыныўы менен Досназаровлардың шаңарағының қуты әптен қашты. Алты жасар Үмит әкесин жойтып, күни-түни тынбай жылар еди. Олардың бахтына күн көрис те әптен қыйынласып кетти.

«Қарақалпақстанға қайтаман» деген нийетте жумыстан шығып, ел басшыларынан шақырыў қағаз күтип, Аллаярдың үш ай бос жүргенин Полина Николаевна енди ғана сезди, ериниң Кремль есиклеринде тентене болып, сақты сынып келетуғынын енди уғына баслады. Аллаярдың шеннен тыс ашыўшақ болып кеткениниң, ғамгүн қапашылығының төркини де усыннан еди.

Гей күнлери Полина Николаевна Үмит екеўи бир тислем нанға зар болып, қайнатып тек қара суў ишип отырды. «Халық душпанының» ҳаялы, деп енди буннан туўған-туўысқанлары да, қоңсы-қобалары да бет бурған еди.

Бул азаплардың барлығы аздай, олардың үйине кешлетип, үй хожалығы басқармасының ўәкили келди.

— Жайды босатасыз, — деди ол Полина Николаевнаға.

— Неге енди; еримди болса жипә-жексиз қамаққа алдыңыз, бизлерди де жыллы орны-

мыздан қозғамақшысыз ба, Аллаяр еле келеди, ҳақыйқатлық қайысады да, бирақ сынбайды, оның ҳалынан Кремльдегилер хабардар болса, әлбетте, қутқарып алады,— деди Полина.

— Ўәй, ахмақ қатын екенсең, ким менен турмыс қурып атырғаныңды да билмейсең-аў, сениң байың өзи солардың үстинен наразылық билдирип, гәп айтқан ғой, — деди Мельников.

— Яқ, яқ, Аллаяр Кремльдегилерге қарсы емес, «мени Қарақалпақстанға алдырың» деп туўылған үлкесине хат жазып еди, ол жердеги ҳәзирги басшылар, бунын тәрбиялаған шәкиртлери болыўына қарамастан, өтинишине итибар бермей атырғанына наразы болып жүрди тек те.

— Ҳей, қатын, ўазыңды қой маған, мине қарар, сизлер бүгиннен баслап бул жайды босатыўыңыз керек, бул Советлердиң жайы. Халық душпанының үрим-путақлары бул жайда жасаўға пүткиллей болмайды.

Полина қызы Үмит пенен қушақласып, үн салысып жылады. Лекин Мельниковта реҳим дегенниң атаўазасы да жоқ еди, ол булардың «ең болмаса таң атқанша болайық» дегенине де қарамастан, қолынан жетеклеп, есиктен шығарып жиберди де, қапыны қулпырып, гилтин қолына алды. Үстине илдирген гөнеқоқсысынан басқа ҳештеңеси жоқ олар енди қула далада қалды.

Жаяўдан-жаяў жүрип, түни менен Қазан темир жол вокзалына келди. Темир жолда гилкий жүк вагонлары дизилисип турған еди. «Ташкент» деп пор менен жазылған бир вагонға кирип, олар мушта бир қысым болып отырды. Шаршағанлықтан көзлери илинип кетипти, вагон қозғалғанда оған тийелген ағашларға қысылып, өлип қала жазлады.

Сол жүристен нешше күн екенлиги белгисиз Ташкентке келди. Мусылманшылық, мийрим-шәпәәт бар бул қалада тиленшилик етсең де, жүрек жалғап, күн көриўге болатуғын еди. Соннан дус келген көликке минип, гә жаяў жүрип, Төрткүлге келди. Бул жерде Аллаярды таныйтуғын адамлар табылды. Солардың жәрдеми менен, дәслеп Нөкиске, соң Шымбай арқалы Тахтакөпирге келди. Себеби Аллаярдың паспортында аты жазылған район сол еди, ақыры.

Аллаярдың ағайинлери, таныс-билислери, инилериниң арқасында Полина Николаевна районлық аманат сақлаў кассасына жумысқа орналасты. Дәслеп ағайинлериниң қуўыс-қолтығында, соң биреўдиң жайында қызы екеўи кирейге турды.

Барлығы кеўилдегидей болып киятыр еди, бирақ қызы Үмитти «мектепке беремен», деп жүргенде Аллаяр ҳаққындағы суўық хабар

Тахтакөпирге де келип жетип, «ур десе, көзин шығаратуғын» районның шонтық басшылары Полина Николаевна Светлицкаяны «аманат сақлаў кассасында халық душпанының ҳаялы ислеўге болмайды» деп жумыстан шығарып жиберди.

Ҳеш жерге жумысқа алынбаған ол енди атызға барып, пахта терип күнелтиўге мәжбүр болды. Сондайда жаңа ғана биринши классқа барған Үмит гейде анасының қасында болса, гейде мектептен шыққаннан кейин бир өзи үйде отыратуғын еди.

Аллаярдың иниси Алламбергенниң үйине барайын десе, ағасы қамалғаннан кейин ол да, сорлап қалды. Қарақалпақстан областьлық Советлериниң шөлкемлестириў съездине делегат болған, колхоз қурылысының ветераны оған «колхоздың атын урлап саттың» деп жала жабылып, алты жылға сотланып кетти, үй-жайы конфискаланып, жалғыз улы Хожамберген әжапалары менен мектептен шетлетилип, жер төледе қалды.

Мине усындай ала сапыранлы күнлерде пахта терип атыздан келген Полина Никоаевна орны толмас ўақыяға дуўшакер болды. Ол Аллаярдан қалған жалғыз туяқ-Үмитти жойтып алды. Пүткил Тахтакөпирди гезип, үйме-үй тинтип шықты, лекин қыз табылмады.

Қызы Үмиттиң Тахтакөпирге келгенин еситип, Зәкийра Фахрутдиновна Ҳакимова соңғы тийген күйеўи Павел Иванович Славинди жиберип, Үмитти Полина Николаевнаға ҳәм Аллаярдың туўған-туўысқанларына билдирмей, урлап алып кеткен еди. Енди Полина Николаевнаны бул жерде услап турғандай ҳештеңе қалмады. Сонлықтан қәўендерлик еткендей туўысқан таппаған ол Қарақалпақстаннан шығып, басын алып, белгисиз жақларға кетип қалды.

Москвада таслап кеткен қызын қайта тапқан Зәкийра енди «оның Аллаярдың қызы екенлигин ҳешким билмесин», деп 1936- жылы Үмитти-Надежда Павловна Славина, деп қайтадан ҳүжжетлестирди. 1948-жылы Қоңырат қаласында онысшы классты тамамлаған Надежда Қызыл Орда педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкерди. Өз теңин тапқан ол ана болмақшы еди. Лекин оның тәғдирине сум әжел тап болды, 1952-жылы пединститутты табыслы тамамлаған Надежда бала үстинен қайтыс болды.

Солай етип, Аллаяр Досназаровтан туяқ қалмады.

### 16. Соңғы хат

Аппақ қар астында жатырған теберик топырақ. Ол тутқынлардың қаны менен қарысып

кеткен. Әтирапты қоршаған, ақша булытлар менен теңескен қарағайлар жипә-жексиз төгилген бийгүнә қанларды еске алып муңлы ырғалысады. Тәбияты қатал Карелия жеринде бундай жерлер баршылық еди. Аллаяр да, усы жерде, ағаш баракларда жасап, өзи сыяқлы сиясий тутқынлар менен бирликте гиддиман тасларды қопарып, қоллары менен Беломор-Балтик каналын қазды. Бул жерлерде НКВД жәллэдларының әйтеўир нәрсе ушын нешше мың бийгүнә адамлардың қанларының төгилиўине себепши болғанлығын өз көзи менен көрди.

Лекин булардың ҳеш қайсысын тисинен шығарып, кисиге айтыўға болмайтуғын еди. Себеби сыртқа жиберилген хатлар ашып оқылып, ишинде лагерь турмысына наразылықлар, яки кемшиликлер жөнинде айтылған сөзлер болса, ондай ҳүжжетлер жыртып тасланып, яки өртеп жиберилетуғын еди. Соны билип Аллаяр бурын бирге жалланба жумысшы, қызыл партизан болған досты, соңғылығында қарындасы Таңсыққа үйленген-күйеў баласы- Палымбетке әпиўайы, аманлық хат жазды:

«Ассалаўма әлейкүм, қәдирли туўысқаным Палымбет ҳәм туўысқан қарындасым Таңсық. Сизлерге жалынлы сәлемимди жоллайман. Мен тиримен, деним саў ҳәм сизлердиң ҳәммеңизге

ден-саўлық тилеймен. Қәдирли қарындасым, көп ўақыттан берли Сизлерден ҳеш хат ала алмадым. Сизлердиң қай жерде жасап атырғаныңызды ҳеш билмеймен. Ҳешким маған хат жазбайды... Палымбет, адам өз шаңарагынан айрылған ўақытта оғада қыйын жағдайда қалатуғынын сен жақсы билесең. Мен сегиз ай даўамында өз шаңарағым менен байланысқа ийе емеспен. Ҳаялым Полина ҳәм қызым Надечка Тахтакөпир районында жасайтуғын еди. Енди олардың қайда екенлиги беймәлим. 1936-жыл декабрьде «заказное» хат жазған едим. Бул хат маған 1937-жылы 20 мартта қайтып келди. Конвертте «адресат көрсетилген жерде жасамайды» деп ескертилген. Бул хабар мени күтә тынышсызландырады... Соңғы ўақытлары мен Полина ҳәм Надечканы ҳәм Сизлердиң ҳәммеңизди күтә сағындым. Егер мениң қызымды көрсеңиз, мениң ушын оның маңлайынан сүйиңиз. Әкеме, Алламбергенге ҳәм басқа да ағайинлерге сәлем айтыңыз. Колхоздың аўҳалы қалай! Хадича қай жерде! Ол оқып атыр ма, жоқ па! Бизлер-ҳаялым Полина ҳәм қызым Надечка менен қандай шадлы турмыста жасаған едик. Бул күнлер ҳәзир көрген түстей болып, көз алдымнан елеслеп өтип атыр... Мен ҳәзир үш жыл даўамында материаллық жақтан қыйын аўҳалда жасап атырман, ҳешким маған

жәрдем бермейди. Палымбет, егер мүмкиншилиги болса, маған ақша ҳәм посылка жибер. Қалай жибериўге саўатыңыз жетпесе, Полинаны излеп таўып ал. Ол саған жәрдемлеседи. Хат ҳәм посылка жибериўдиң жолларын үйретеди. Палымбет, Егембергенге айт, ол маған жазсын. Оның ҳәм ҳаялы Розаның денсаўлығы қалай! Иним Егембергенниң қайда екенлиги маған биймәлим. Ол наўқас еди. Бул да бизиң бахтымыздың келиспегенлиги. Егер оның дени саў болғанда аўҳалымыз жақсы болған болар еди. Усылардың барлығы жыйналып,маған аўыр соғып тур. Бул саўаллардың ҳәммесине кең түрде жуўап қайтар. Палымбет, Сейилбек Журынбаевқа меннен сәлем айтың. Ол ҳәзир қай жерде ислейди! Оған мениң өтинишимди хабарлаң. Ол маған қәрежет жиберсин... Қызыңыз Зәўрениң маңлайынан сүйиңлер. Көрискенше хош болыңлар, туўысқан қарындасым Таңсық ҳәм қәдирли Палымбет. Жалынлы сәлем менен сениң Аллаярың. Мен ҳәзирше ТИРИМЕН.

Мениң адресим: Киров темир жолы. Кемь станциясы. 8- бөлим. Б.Б.К. Н.К.В.Д Лагерь пункти № 1. Досназаров А.К. 1937-жыл 9-апрель».

Қамақ мүддетин азайтыў ушын тек те тәртипке бағыныў, нормадан асырып жумыс

ислеў керек еди. Бирақ дурыслы аўқат жоқ, дем алыс, күтим деген болмаған жерде оған қалай ерисесең.

Аллаяр мурнына қан келип, барлық күш жигерин жумсап жумыс ислегениниң өзинде 1935-жылдың үшинши шерегинде 6 мийнет күнин, 1936-жылдың екинши шерегинде 10 мийнет күнин нормадан тысқары ислеп тапты ҳәм жәми болып, қамақтан шығыў мүддетин 16 күнге кемейтти. Нәтийжеде оның жумыс күнин есаплаў картасына соңғы мүддет: «9.01 1945 жыл» деген жазыўлар түсти.

Қамақ орнының басшысы қол қойған бул күн 1937-жылдың 21-июни еди. Сүйеги сырқырап, бели қайысып, еки жылдан аслам ўақыт ишинде төккен маңлай териниң усындай баҳаланыўына ары келип, Аллаяр өксип-өксип жылады. Ақырында кеўилдеги мүддәҳасин айтып И.В.Сталинге, өзин сотлаған СССР Жоқарғы судының әскерий коллегиясына арза жазды да, үлкен үмит пенен оның нәтийжесин күтип жүрди. Бирақ жуўап келмеди. Хатты ашып оқып, буның басында қурал көтерип турғанлар оны әлле қашан өртеп жиберген еди.

Бақлаўшылардиң буны қатты азап берип, қыйнайтуғынлығының себеби, неден екенлигин ол енди түсинди. Бул жердегилерди жаманлап, әдиллик алыў мүмкин емес еди.

## 17. Палымбет

Ол Аллаярдан үш жас ғана киши еди. Досназаровқа оны тәғдир дуўшакер етти. Дәслеп Ташаўызда, соң Хорезм аймағындағы пахта заводларында Аллаяр менен бирге жалланба рабочий болып ислеген ол кейин де, оның менен қол усласып жүрди.

Аллаяр Ташкент, Орынбор, Москваның жолларын ақ соқпақ етип жүрген жыллары ол Досназаровлардың шаңарағының eң жақын адамы еди, соңын ала Аллаярдың туўысқан қарындасы Таңсық пенен жақыннан танысып, бир-биреўине кеўил қойысып, хожалық болды.

Палымбет бул ислеген исине дәслеп Аллаярдан қысынып, тартынып жүрди. Ол «достымның жүзине енди қалай қарайман» деп ынжылар еди. Лекин өмир дегенниң өз нызамлары бар, ол бендени өз дейдисине көндирип қояды дә. Уялып жүрген Палымбет қайтама Аллаяр менен апақ-шапақ болып көристи.

— Қутлықлайман, — деди Аллаяр өзи биринши болып Палымбетке қолын созып.

Досназаров шынында да оғыры орыснамай адам еди.

— Рахмет, — деди Палымбет.

Ал Таңсық болса нашар балаға тән ийбе менен уялып, төмен қарап, жер сызып турды.



1924-жыл. А. Досназаровтың емлеўханадан шыққан пайыты



**Ғании Дошумов**
**(А. Досназаровтың аталас ағайини)**



А. Досназаровтың 1935-жылы 26-январьда түрмеде түсирилген сүўрети

ЗАМ.НАРОДНОГО КОМИССАРА ВНУТРЕННИХ ДЕЛ

СОЮЗА С.С.Р.

Тов.ПРОКОФЬЕВУ.

Р А П О Р Т.

Проживающий в Москве по адресу Третьего Дома Советов ДОСНАЗАРОВ Алимар, член ВКП(б) с 1918 года, по национальности кара-калпак, быв. директор завода по выделке [illegible] в Москве, в настоящее время нигде не работает, проявляет резкие антисоветские настроения и высказывает террористические намерения в отношении вождей коммунистической партии и Советского государства.

ДОСНАЗАРОВ 24-го января с.г. заявил, что он намерен убить одного из секретарей ЦК ВКП(б) и для совершения террористического акта имеет оружие (наган).

Прошу Вашей санкции на арест ДОСНАЗАРОВА Алимара.-

ЗАМ НАЧ ОО ГУГБ НКВД: [illegible]

25 января 1936г.

---

С.С.С.Р.

НАРОДНЫЙ КОМИССАРИАТ ВНУТРЕННИХ ДЕЛ 2

ГЛАВНОЕ УПРАВЛЕНИЕ ГОСУДАРСТВЕННОЙ БЕЗОПАСНОСТИ

# ОРДЕР № 1696

25 января 1936 г.

Выдан сотруднику Оперативного Отдела Главного Управления Государственной Безопасности НКВД тов. [illegible] на производство ареста и обыска

Досназаров Алимар

по адресу: Сад. Каретная 3й Дом Советов кв. 29 по двору

ПРИМЕЧАНИЕ. Все должностные лица и граждане обязаны оказывать лицу, на имя которого выписан ордер, полное содействие для успешного выполнения ордера.

Народный Комиссар Внутренних Дел

Начальник Оперативного Отдела ГУГБ

справка



Жазыўшы А. Султанов А. Досназаровтың туўысқанларына марҳумның жерленген жеринен әкелинген топырақты берип атырған ўақты.

Нашар персент өзи туўысқаншыл, мийримли болады, шынында. Анасы Күнбийке қайтыс болғанда әбигер тартқан әкесине сүйениш ҳәм тирениш болған да, сол Таңсық еди. Әкеси екинши мәртебе Айзадаға үйленгенинде де, ол оған «өгей», деп қарамады. Мудамы олардан хабар алып, басында-қасында болды.

Аллаяр оқыўға кеткенде Палымбет Төрткүл пахта тазалаў заводында рабочий болып жумыс ислеп қалған еди. 1930—1933-жыллары Қоңырат ҳәм Шорахан районлық қадағалаў комитетлеринде баслық болды. Лекин Аллаярдан үлги алып, ҳақ жол тутқан ол басшылары менен келисе алмады.

Сол жыллары Қарақалпақстан АССР рабочий-дийқан инспекциясының халық комиссары болып Т.Жаналиев деген адам иследи. Бул парахор кимсе белсенди Палымбет Сейтимбетовқа «түбимиз бир ағайинбиз» деп жамбас салып, сол жыллары исшиниң ҳаяллары ушын кийиў үрдис болған қара көлден исленген тон ушын районлардан тери жыйнап бериўди талап етти.

Палымбет бундай ыпләс жолға түскиси келмеди. Сол себепли республиканың айырым басшылары оннан өш алыў мақсетинде жумысын тексерип, мәселесин қарады. Нәтийжеде

1933-жылдың 20 мартында Қарақалпақстан областьлық қадағалаў комитети оған «қарамағындағы хызметкерлердиң пара алғанлығы жөнинде үндемегени, класслық көз-қарасты жоғалтқанлығы, пассивлиги ушын» қатаң жаза қолланды, ол жумысынан босатылды.

Буған ашыўы келген Палымбет партизанға тән қәсийетлери менен «жатып қалғанша, атып қалайын» деп дәрҳал ВКП(б) орайлық қадағалаў комитетине шағым арза жазды. Бул арза орайлық қадағалаў комитетиниң президиумында қаралып, ВКП(б) орайлық комитетиниң партия коллегиясы секретары М. Шкирятовтың жазба мәлимлемеси бойынша 1933- жылдың 23-декабринде партия ағзалығына қайтадан тикленди. Лекин буған дық сақлаған басшылар оны орнына қоймақ түўе, дурыслы лаўазымлы жумыс та бермеди, қайтама оған «сениң саўатың жоқ» деп гинарат тақты.

Енди буған ары келген Палымбет сол жыллары районның басшы хызметкерлерин таярлайтуғын алты айлық Бауман атындағы Орта Азиялық үлкелик курсқа оқыўға кетип, оны табыслы питкерип келди. Бирақ бәрибир басшылар оған арзагөй сыпатында қараў көзқарасынан айрылмаған еди.

Көп узамай елге «Аллаяр Досназаров халық душпаны екен» деген хабар демде таралып

кетти. Буннан кейин ол басшы жумыс түўе, «халық душпанының күйеў баласы» деп түсинилип, эпиўайы хызметтен де, пүткиллей шетлетилди.

Палымбет пенен Таңсықтың Хатийша ҳәм Зәўре атлы еки қызы бар еди. Кем қәрежетлик ҳәм кемситиўлердиң ақыбетинен олардың екеўи де оқый алмады. Оның үстине қуўдалаўға ушыраған Палымбет аўыр наўқасқа шалынып, қайтыс болды. Таңсық еки қызы менен жесир қалды ҳәм өмириниң ақырына шекем мүтәжликте жасады.

Ҳәмел гүрсисин ийелеген жигитлер Палымбет Сейтимбетовтың хызметлерин итибарға алмай, оның үрим-путақларына ғәрежет төлеўди де, өзлерине минәсип көрмеди.

## 18. Наҳақтан төгилген қан

Олар жумыс ислеп атырған жерден еки шақырымдай қашықлықтан Киров темир жолы өтетуғын еди. Буларға ең жақыны- Кемь станциясы. Өткен поезлардың сести еситилип турады. Жумыс ислеп, өлгейлиден шаршаса да, ойлар оған тыным бермеди: «Он жыллық қамақ мүддети жуўық арада өтелер емес. СССР Жоқарғы судының әскерий коллегиясына жазған арзамнан хабар-атар жоқ. Лагерьдеги

нызамсызлықларды айтып, ҳақтан жанып атырғанымды баянлап Сталинге хат жолладым, оған да жуўап келмеди. Демек, бул жерден жазылған хатлар адреске барып жетпейди. Усы жерде ашып көрилип, оқылып, жоқ етиледи. Мениң есап-сансыз азап-ақырыт шегиўлеримниң себеби де соннан болса керек. Енди хатты Москваға жеткериўдиң қандай иләжы бар!! Лагерь тусынан өтип баратырған поездға хатты жеткерип, биреўге берсем, дийдилеген адреске жетип бармас па екен!! Неде болса бир талпынып көрейин» деген қыял «қам сүт емген бенде»— Аллаярдың ядынан кетпеди.

Ол түнги уйқысынан безип, Сталинге арза жазып, муқыятлап оны конвертке салды да, қойын қалтасына тығып қойды. Азанда мийнет лагеринде жумыс басланып, «поезд өтер ўақыт шамаласты-аў» дегенде ол басында турған гүзетшиден:

— Ҳәжетханаға барып келейин, — деп өтиниш етти.

— Мейли, рухсат, бирақ тез қайт! — деди гүзетши буған рухсат берип атырып.

Ол енди ҳәжетхананы айланып өтти де, тоғайдың арасынан қатты-қатты адым атып, гә жуўырып-жортып, поездға жетип, хатты берип үлгермекши болды. Лекин нийетине жете алмады. Буны жойытқан қураллы гүзетши:

— Тутқын қашып кетти! — деп шаўқым көтерип, аспанға оқ атты.

Қасқыр ийтлер босатылып жиберилди. Олар ҳәп-заматта, еки жүз метрдей-ақ жол жүрген Аллаярдың кейникен қуўып жетип, үстиндеги гүписин тислеп, тоз-тоз етти. Оның «қорғанаман», деп ийт тислеген қоллары қызыл-қара қан болды. Ол бүккесине түсип, естен айрылып жатқан мәҳәлинде қураллы қуўғыншылар жетип келди.

Өзи ҳалдан айрылып атырған Аллаяр тепки жеп, әбден ес-түсин билмей қалды. Өзине келип басын көтерсе, цемент еденде жатырған екен. Дәрҳал қалтасын қарады, лекин хат табылмады.

— Мениң Сталинге жазған хатым қаяқта!! — деп қышқырды ол.

НКВД хызметкерлери оның қалталарын тинтип, таўып алып, хатты әлле қашан ис қағазына тиккен еди.

— Тур орныңнан, алдыма түс!

— Мениң хатымды Кремльге жеткизиң, кейин не қылсаңыз да, мейлиң маған!

— Аўа, аўа, Кремль дейди-аў! Сениң жаныңды ҳәзир-ақ жәҳәннемге жеткиземиз!

— Мениң хатымды жолдас Сталинге жеткизиңлер...Жолдас Сталинге...

Оның өтиниш гәплерин ҳешким итибарға алмады. Сол күни Ленинград областы айрықша үшлигиниң қарары шықты. Онда СССР Жоқарғы суды Әскерий Коллегиясының 1935-жыл 8-апрельдеги қарары менен Жынаят Кодексиниң 58-8 статьясына муўапық 10 жыл еркинен айрылған Досназаров Аллаяр Қоразович АТЫЛСЫН деп жазылған еди.

Тоғайзарлық. Қатарласқан ақ қайыңлар алдына көзин байлап бир тутқынды шығарып қойыпты. Бул Аллаяр Досназаров еди.

— Ақырғы мәртебе сөз бериң маған, кейин атасыз, — деди ол ақ қайыңға сүйенип турып.

— Не айтпақшысаң өзи, ал айт, әрманда кетерсең, бийшара!

— Қуяш шығатуғын тәреп қаяқта!!

— Усы қарап турған жағың, сөйлей бер, айтатуғын гәплеринди үлгерип, тез айт, иркиле берсең, сөйлетпестен атып таслаймыз.

Аллаяр қаншама бийҳал болса да, мәртлерше қәддин тикледи ҳәм трибунада турған адам сықлы қолларын сермеп сөйледи:

— Туўылған мәканым — Қарақалпақстан қаяқта! Киндик қаным тамған топырағым! Мен сениң келешегиң ушын пүткил өмиримди арнадым. Сениң арыңды-арлап, жырыңды-жырла-

дым. Дос та арттырдым, душпаным оннан да көп болды Енди сеннен алысларда, өзге журтта, ғайры елатта өлим алдында турыппан. Ырза болыңлар маған бирәдарларым! Әрманларым көп еди. Әмиўдәрьяның ылай сууларында шомылсам, Аралдың ақ бас толқынларында жүзсем, деп едим. Борпаң топырақларыңды шаңқытып, қара жерди қайра-қайра басып жүрсем, деп едим. Бул да несип етпеди. Сеннен алыстағы күнлерим хорлықлы өтти мениң. Тәғдир шығар, тәғдир... Туўылған елим! Сениң тәғдириң меникине усамағай! Әўләдлар ушын сен азат ҳәм абат Ўатан болып қалғайсаң!..

Ол еле кеўлиндеги гәплерди айта бережақ еди. Жан жерине тийген оқ оны үндетпей таслады. Мылтық сестинен тоғай қуслары дүр силкинип, әл-ҳаўаға ушты. Аллаяр жерге қулады. Ақ қайыңларда қып-қызыл шашыраған қан тамшылары қалды...

Ҳүким орынланды. Аллаярдың жүзине туўры қарай алмаған жап-жас киши лейтенант жигит оның бетин ақ қайыңлар тәрепке қаратып, желкесинен атты. Таңланарлығы жоқ, олар ушын адамды сыртынан сатыў, артынан атыў үрдис болып қалған еди.

Солай етип, Аллаяр Досназаров жөнинде 1937-жылдың 10-ноябринде жынайы ис қозғалмады, оператив материаллар тексерилмеди. Ленинград областы УНКВД сы айрықша үшлигиниң қарары да тийкарсыз еди. Соған қарамастан бийгүнә адамның наҳақтан жипә-жексиз қаны төгилди. Қарақалпақ халқының әжайып перзенти Досназаровтың тәғдири усылайынша ап-аңсат шешилип, ол аса кеткен жаўызлық пенен өлтирилди. Онда Аллаяр жаңа ғана қырық жасын толтырып, қырық бирге қәдем қойған еди.

...Арадан жыллар өтти. Жаңа әўләд туўылды, енди өмирге көз-қарас өзгерди, жеке адамға сыйыныўшылық әшкараланды. Бул мәселе бойынша 1956-жылдың 29-майында КПСС Орайлық Комитетиниң қарары шықты. Усыған тийкарлана отырып, А.Досназаровтың туўғантуўысқанлар биринши мәртебе жоқарғы органларға хат жазды. Бул бойынша ақлаў материалларын таярлап, А.Досназаров туўралы 1935—1937-жыллары шығарылған ҳүкимлердиң натуўры болғанлығы ҳаққында протест жазыў ушын СССР Жоқарғы судының Әскерий Коллегиясы оның ис қағазларын Қарақалпақстан республикасы прокурорына жиберди.

Бирақ органда ислеўши айырым адамлардың себебинен бул жақтан СССР Жоқарғы судына «А.Досназаровты ақлаўға болмайды, ол миллетшил болған» деген хат барды. Нәтийжеде А.Досназаровты ақлаў мәселеси тоқтап қалды.

Лекин «айды етек пенен жаўып болмайтуғыны» сыяқлы, жәмийетлик пикирди де, ҳасла тоқтатып болмайтуғын еди. 1968-жылдың 2-февралында СССР Жоқарғы судының әскерий коллегиясына Өзбекстан ССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының Председатели, тарийх илимлериниң кандидаты Сабыр Камалов хат жазды.

Бул хат бойынша А.Қ.Досназаровтың исин қайта қараў ушын оның ис қағазлары тағы да, Қарақалпақстан республикасының прокурорына жиберилди. Бул сапары хат авторы ҳәм Қарақалпақстан республикасы прокурорының аға жәрдемшиси Сапарбай Доспановлар А.Досназаровтың материалларын дыққатлы түрде үйренип, бурынғы ҳүкимлерге протест жазды. Ол Өзбекстан республикасы прокуратурасы тәрепинен бекитилип, СССР Бас прокурорына жиберилди. Нәтийжеде А. Досназаровты ақлаў мәселеси СССР Жоқарғы суды әскерий коллегиясында қаралды.

Көп узамай Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының баслығы Сабыр Камаловтың атына А.Досназаровтың ақланганлығы ҳаққында СССР Жоқарғы суды әскерий коллегиясы секретариатының баслығы, юстиция полковниги В.Чикиннен ҳәм СССР прокуратурасының жуўаплы хызметкери Г.Васильевтен қуўанышлы хат келди.

1968-жылдың 27-сентябринде СССР Жоқарғы судының пленумы өзиниң қарары менен бурынғы бийликлерин бийкар етти. Бул оғада әҳмийетли ҳүжжетте былай жазылған еди:

*СССР жоқарғы суды пленумының*
*Қарары № 468-68*
*1968-жыл 27-сентябрь*

СССР Жоқарғы Суды баслығының орынбасары ж. В.М.Теребиловтың басшылығында.

СССР Бас Прокурорының орынбасары ж. М.П.Маляровтың қатнасыўы менен.

ж. А.Г.Кузнецовтың секретарьлығында.

Досназаров Аллаяр Қоразовичтиң иси бойынша

СССР Бас Прокурорының протести

СССР Жоқарғы Суды Әскерий Коллегиясының 1935-жыл 8-апрельдеги бийлиги бойынша-

Досназаров Аллаяр Қоразович, 1896-жылы туўылған, Қарақалпақстан АССРы Тахтакөпир районы № 10 аўылының турғыны, қамалғанға шекем- 1935-жылдың 25-январына дейин, Москва қаласындағы «Металлострой» тресті басқарыўшысының орынбасары-

РСФСР Жынаят Кодексиниң 58-8 статьясы бойынша мүлкин конфискалаўсыз 10 жыл мүддетке еркинен айрылған.

Ленинград областы УНКВДсы айрықша үшлигиниң 1937-жыл 10-ноябрьдеги қарары менен Досназаров атылған.

Досназаров 1934-жылдың екинши ярымында партия басшылығына ҳәм оның Қарақалпақстан АССРында жүргизип атырған сиясатына наразылықларын айтқаны ушын айыплы, деп табылған.

С.М.Кировтың өлтирилиўине байланыслы Досназаров қамалған ҳәм атылған террористлер жөнинде аяныш пикирлерин билдирген.

Досназаровтың бул антисоветлик гәплери соңғылығында партия басшыларына қарсы террористлик нийетке айланған.

Ис материалларын қарап шығып ҳәм СССР Бас Прокурорының Досназаровтың исин тоқтатыў усыныс етилген протестин додалай

отырып, СССР Жоқарғы Судының Пленумы протестти тийкарлы, деп табады.

Материаллардан көринип турғанындай, Ибниаминов, Джаксымуратов ҳәм басқалар менен сөйлескенде Досназаров жумыссыз қалғанына наразылықлар билдирген, Қарақалпақстан республикасында миллий мәселеге дыққат аз аўдарылады деген, Қарақалпақстан АССРы Халық Комиссарлар Советиниң председатели Әўезов туўралы қарсы пикирлерди айтқан, оны имам шаңарағынан шыққан, деп есаплаған.

Досназаровтың бул пикирлери өзиниң мазмуны ҳәм бағдары бойынша антисоветлик болып есапланбайды.

Досназаровты террористлик нийетте гәп айтқан, деген айыпқа келетуғын болсақ, ол ис бойынша объектив дәлиллер менен тастыйықланбайды.

1937-жылы Досназаров жөнинде жынайы ис қозғалмаған, оператив материаллар тексерилмеген ҳәм Ленинград обласы УНКВДсы айрықша үшлигиниң қарары ҳештеңе менен тийкарланбаған.

Баян етилген жағдайларда Досназаровты айыплаў тийкарсыз, деп таўып, СССР Жоқарғы

Суды Пленумы протест пенен келисе отырып ҳәм СССР Жоқарғы Суды ҳаққындағы кәдениң 9 статьясы «а» пунктин басшылыққа алып

ҚАРАР ЕТЕДИ:

СССР Жоқарғы Суды Әскерий Коллегиясының 1935-жыл 8-апрельдеги бийлиги ҳәм Ленинград областы УНКВДсы айрықша үшлигиниң 1937-жыл 10-ноябрьдеги Досназаров Аллаяр Қоразович жөниндеги қарары бийкар етилсин ҳәм ол ҳаққындағы қылмыс ис қурамының болмаўы себепли тоқтатылсын.

Председатель — В.Теребилов.
Секретарь — А.Кузнецов.

Мине ақыр соңында ҳақ ис ҳақлығына шықты. Соннан берли де нешше азаматлар дүньядан кетти, биреўлер ат қалдырды, биреўлер белгисиз өтти. Лекин Аллаярдың өмири — бул жапакеш қарақалпақ халқының тарийхы еди.

Досназаров әўләдлар ушын үлкен мийрас қалдырып кетти, қарақалпақ халқына өз алдына отаў тигип, шаңарақ көтерип, уллы мақсетлерге ерисиў жолында елим, деп еңиреп кеткенлердиң бири болды.

— Бизлер Москва-Ленинград поездында жүрип киятырып, Киров темир жолының бойында сырлы санлар жазылып қойылған кишкене темир тахташаларын көремиз. Олардың ҳәр бирине мемориаль Тахта орнатыўға арзыйды, — дейди академик Д.Лихачев.

Бул сөзлер бизиң Аллаяр бабамызға да тийисли. Шынында да, Аллаяр Досназаров өз жери буйырмай, өзге топырақта жатса да, өзи тиклеп берген шаңарақтың ууықлары беккем, керегелери нық болыўы ушын, әўләдлардың инсаный туўры жолдан жүрип, бойындағы күш-жигерин ели-халқы ушын аямаўын тилеп жатырған сыяқлы.

*1996-жыл, январь-февраль.*

## АЎЫЛ ЖОЛЫ

*(кинoновелла)*

Гүздиң ақырғы күнлери. Еки бойында бийик кегей таллар өскен аўыл жолы. Қолында қамшы, шөгирмели ғарры гүл мыйықлы ат арбаны алтақтасына минип, айдап киятыр. Сарғыш түрге дөнген терек жапырақлары үзилип, жерге түсип атыр.

Арба жолдың еки бойына жайласқан аўыл. Жасы қырық беслерге барып қалған ҳаял ҳалқылап жуўырып киятыр. Оның көзлеринде жас. Жуўырыўы менен ол онша үлкен емес, пақса жайдың шарбағына киреди.

— Өйп-пе-ий, қурып қалдық ғой, шеше!!! —Ҳаял кемпирди қушақлап жылай баслады.

— Не болып қалды!! Аманлық па өзи!! — Кемпир қәўетерленип сорады.

—Ортаншыны...Ортаншыны төрт адам... арбаға салып... алып киятыр!!!

—Не дейди!! Қурған басым...

—Көпирде... тракторы аўдарылыпты!!!

* * *

Жолда гүл мыйықлы арба, оған салып, Палмуратты алып киятырған адамлар көринеди. Олардың биреўи-ақ сақаллы ғарры, екиншиси жасы қырықларға барып қалған муртлаш киси, үстилерине комбинезон кийген еки жас тракторшы жигит оларға ерип киятыр.

Аспан түнерип, гүлдирмама гүркирейди. Жолдың еки бойындағы үйлерден ғаррылар, ҳаяллар, балалар шығып, киятырғанлардың кейнине ере баслайды. Ақ шашлы ана шарбақтан шығып, жуўырып киятыр. Ярым жолда оның жаўлығы да, түсип қалды. Палмураттың еки баласы кемпирдиң шалғайынан асылып жүр.

Кемпир бара баласын қушақлады да, оның бетин ашып көрди. Арбаның үстинде жатырған Палмуратта сес-семир жоқ: еки көзи жумыўлы, еринлери қымылмай, аўзы ашық жатыр.

— Қулыным!!! Қулыным!!! Саған не болған!! Тағы қандай қайғыға дуўшакер етти бул қудай!! — Ол анаға тəн ҳəсирет пенен жылап атыр. Əллен ўақытта кемпир талып қалды. Еки ҳаял келип, ессиз жалған кемпирди қолтығынан сүйеп, алып кетти.

* * *

Жайдың иши. Адамлар Палмуратты ишкериге алып кирди. Жас келиншек егил-тегил

жас төгип, жылап отыр. Ақ сақаллы ғарры еки жағында еки баласы қосыла өкирип отырған Айсулыўдың жанына келип, кеўил айтып атыр.

— Шүкир ет, шүкир ет, келин. Ҳәр кимниң өмир менен хош аллаяр айтысатуғын күни бар. Әжел айтып келмейди...Тәғдирдиң иси шығар...

Жигитти арбада алып келген еркеклер бет орамаллары менен көз жасларын сүртип, излиизинен есиктен сыртқа шыға баслады...

* * *

Суўға келген Айсулыў салма бойында, ағын суўға қарап үнсиз үңилип отыр. Суўда сарғыш жапырақлар ығып баратыр. Айсулыў ой үстинде. «Палмураттың да жылы шамаласты...Ўақыт деген зымырап өтип баратыр...Абат пенен Азат та үлкейип қалды...»

Пахта атыз беттен Төремурат жуўырып киятыр:

— Жеңге, ҳә жеңге! шелегиңди маған бер, өзим көтерип барайын!

— Ҳе-е, буншама неге ҳаўлығып жүрипсең!!

— Басшылар мени жоллама менен механизаторлық оқыўға жибермекши. Енди табильщикликти қояман.

Олар сөйлесиўи менен шарбаққа кирди.

Дастурхан дегерегине үйдиң ишиндегилердиң ҳәммеси жыйналған. Төрде хожалықтың ийеси- Атамурат отыр. Төремурат палаўдың гөшин ортаға туўрап болғанда ғарры сөз баслады:

— Трактор деген дийқанның досты, балам. Енди Палмураттың исин даўам еттиресең...жалқаў болып жүрме...Пахта теретуғын машинаның сырын жақсылап үйренип қайт...

* * *

Аўыл ортасындағы жол. Ғарры, кемпир, Айсулыў, иниси Мырзамурат, үкелери-Абат ҳәм Азат Төрemуратты оқыўға узатып салып атыр. Алдына қарай онлаған адым атған Төремурат бир нәрсени умытқандай шалт айланып, артына қарады ҳәм қоңсы қыз Мийригүлдиң уялшақлық пенен, киси көрмегей, деп қәўетерленип, қол былғап турғанын көрди де, мыйық тартып қоя берди. Қыздың қасына қаншама барғысы келгени менен ол анасы, туўған-туўысқанлары турғанлықтан батына алмады. Ол кем-кем үйден алыслай баслады...

* * *

Жайдың иши. Кемпир оқыўға баратуғын ақлығын сазлап атыр:

— Әлипбеңди умытып кетпе, балам. Пәпкиңди әкел, бир шөрек салайын, аш болып жүрерсең.

— Мектепте нан жеп жүргеним уят болмай ма!

—Ҳеш те уят болмайды! Аўқат жегенниң неси уят!! — Кемпир Абаттың сумкасына шөрек тығады.

* * *

Сентябрь. Аўылдың ортасындағы жол. Айсулыў Абатты мектепке алып киятыр.

— Апа, сен партада мениң менен бирге отырасаң ба!!

— Яқ, сени апараман да, қайтаман. Сени муғаллиммиң өзиң қатарлы бир бала, яки қыз бенен отырғызады.

— Сен оған айт, бала менен отырғызсын, қыз бенен отырыўға уяламан.

— Неге уяласаң, уялма.

— Үйге қайтқым келсе, қайта беремен бе!!

— Яқ, муғаллим рухсат еткеннен кейин қайтасаң.

— Аш болсам ше!!

— Аш болсаң, тәнеписте кемпир апаңның пәпкиңе салған шөрегин жейсең.

— Тәнепис деген не!!

— Ол сабақ арасында сизлерге дем алыў ушын берилетуғын ўақыт.

— Сабақта жумыс ислеймиз бе!!

— Яқ, билим аласыз, балам. Ҳақыйқат билим алыў, жумыс ислеўден де қыйын болады!

Бала мектепке қарай жуўырып кетеди.

Жасы қырық беслерге барып қалған ҳаял шарбақтан ишке киреди.

— Шеше, ҳә шеше!

— Өйип-пе-ий, не өзи келин! Жақсылықтың хабаршысы бола гөр!

— Сүйинши бер, ақ жигит оқыўдан киятыр!

Кемпир сыртқа жуўырып шығады. Арба жолдың қақ ортасында ол баласын баўырына басады. Төремурат буған уялады:

— Пай, қойыш апа, демниң арасында усыншама сағынып қалғаның ба, мен журтлар қусап Ташкентте төрт жыл оқығанымда не қылар единң!!

Кемпир оның не айтып, не қойғанына итибар бермеди. Өзиниң кеўлиндеги гәпин даўам ете берди.

— Мынаў не өзи балам!! Әкеңе кийим алып келгенбисең!! — Кемпир баласының қолындағы түйиншикти услап көрди.

— Бул комбинезон, апа. Трактор айдағанда кийемен.

— Буны сатып алып не қылайын деп единң. Палмуратжаннан қалған усындай кийим бар ғой үйде!

— Сатып алғаным жоқ. Киятырсын кеңсениң үстинен жүрип едим, сол жерде берди, ешейин. Енди трактор айдайман ғой, ақыры.

Әңгимелесиўи менен олар үйине кирип кетти.

* * *

...Атызлардан зүрәәт жыйнап алынған пайыт. Үлкен бир көлемде трактор жер сүрип атыр. Атызға қарай кастрюль көтерип Айсулыў киятыр. Төремурат трактордың кабинасынан төбесин шығарып даўыслайды:

— Неге келдиң, жеңге!!

— Саған аўқат алып киятырман. Түсликке неге бармадың!!

— Ҳо, ана талдың түбине қойып кете бер, усы көлемди сүрип болғаннан кейин ишермен.

— Суўып кетеди ғой.

Ол кастрюльди талдың түбине қойып, трактордың соңынан узақ қарап турды. Соң аўылға қарай әсте-ақырын жүрип кетти...

* * *

Жумыстан қайтқан Төремурат есиктиң алдында байлаўлы турған ертлеўли бес-алты

ешекти көрип, ҳайран қалды. Аң-таң болып, қапыдан дәрҳал ишке кирди.

Төрги жайда ғаррылар толып отыр. Айсулыў оларға пәйик болып хызмет етип жүр. Төремурат ғаррылардың ҳәммеси менен сәлемлесип шықты. Ғаррылар қолын жайып оған патия берди:

— Әззети абырай, абырайдан айырмағай!...

— Әўмийин...

— Төремурат, отыр балам.— Әкеси оған төсекти нусқады.

Төремурат отырды. Қолындағы кесесин дастурханға жайластырып қойып, төрде отырған ақ сақаллы ғарры сөз баслады:

— Бул ата-бабадан киятырған жол, балам. «Ери өлсе, жеңгеси қәйнисине мураз» деген бар. Айсулыў жатқа кетпесин...Ана шым-шырқадай балалар кисиниң қолына қарамасын...

— Аўа, аўа...— деп мақуллады оны қасындағы ғаррылар.

Төремурат төмен қарап жер сызып отыр. Ол терең ойланыўда: «Сонда не ислеўим керек!! Мына ғаррылар мени Айсулыў жеңгем менен бир төсекке жатқармақшы ма!! Бул жүзи қаралық ғой! Жоқ, болмайды! Мен буған қайылшылық бере алмайман!!!»

Төремурат орнынан ушып турды да, есикти тартып урып, сыртқа шығып кетти. Ҳаўлы-

ғысқан ғаррылар ешеклерине минип, тоңқылдасыўы менен үйли-үйлерине тарқасты.

* * *

Дастурханның бир мушында ғарры, екинши мушында кемпир сам-саз болып отыр. Сырттан келини келди:

— Ене, ғаррылар неге тарқасып кетти!! Аўқатты солар ушын асып атырғанымыз жоқ па!! Есикти тартып урып, мырзаға да кетип қалды ғой. Ашыўлы көринеди!!

— Ҳей, несин айтасаң, шырағым. Өзиңниң ишиңнен шыққан перзентиң айтқаныңа турмаса қыйын екен...Болмаса нашардың нашардан айырмасы жоқ...

Ғарры ләм-мим деместен орнынан турып, сыртқа шығып кетти.

Дым түсинбедим, ене!

— Мына жерге отыр, балам. Ҳәзир бәрин-бәрин түсиндиремен саған...Сениң еле басың жас...Биз сени өзге есикке жибережақ емеспиз... Ғаррыларды шақырғандағы нийетимиз, сениң басыңды қәйниңе шатпақшы едик. Өз перзентимиздиң айтқанымызға көнбейтуғынын қайдан билиппиз, биз сорлылар...

— Қойың, енди ене, бул гәплерди ҳешким еситпесин! Масқарашылық ғой, бул!!! Қурған басым, енди ел-журт не дейди!!

— Шырағым, бул биз сорлылардың сениң бахтыңды ойлағандағы күнимиз еди.

— Оннан бахыт болмайды! Мениң менен ойласпай, булай етиўге ким ҳуқық берди сизлерге!!

— Бул ата-бабадан киятырған жол ғой, балам!

— Мүмкин. Лекин бул гөнерген жол, ене!

Айсулыў сыртқа шығып кетеди.

* * *

Түн. Төремурат сүрмелеклеп, атызға-тракторына киятыр. Рычагқа маңлайын тиреп, кабинада бираз отырады: «Жумыстан қайтқан Палмурат, оның алдына томпаңлап жуўырып шыққан балалары, әжағасының басына қуманнан суў қуйып атырған Айсулыў көз алдында елеследи».

Аяғын созып, кабинада шалқасына жатып еди, көзи илинип кетти, дәрҳал түс көрди: «Мийригүл екеўи салма бойындағы ақ талдың астында тур. Ол сүйиклисин қушақлайды ҳәм сүйиўге бейимлеседи.

— Қойса, Төремурат, уялмайсаң ба!

— Неден!!

— Анаў айдан...

Қыз Төремураттың қолынан жырылып қашпақшы болады. Бирақ жигит оны жибермейди.

— Қашан қосыламыз, Мийригүл!

— Мине, қосылып турмыз ғой!

— Сүйиклим, сен бизиң үйден кирип-шығыўың керек.

— Асықпа, жаным, сәл-пәл сабыр ет, сен қусап, мен де бир кәсипти ийелейин.

— Бизиң тракторға жүре қойса, сөйлесип отырамыз.

— Ендиги ирет, ҳәзир кетпесем болмайды. Апам излеп жүрер...

Мийригүл салманың арғы жағына ғарғып түседи. Сол ўақытта оның ийнине желбегей салып қойған Төремураттың костюми суўға түсип кетеди. Жигит оған қармай қыздың кейнинен жуўырады.

— Ҳаў, костюмиңди алсеш, суўға ығып кетти ғой.

— Мейли, ыға берсин...

Шарбақтан шығып киятырған, қолында таяғы бар ҳаял көринеди.

— Төремурат, қайт, кейниңе, апам!...

— Ҳей, жүўернемек, өшир қаранды!...

Өткерип қойғаның бар ма еди мениң қызыма!! Алдыма түс, әй қаншық! Барлық бәле өзиңнен... «Сыйыр көзин сүзбесе, буға жибин үзбейди» деп ата-баба дурыс айтқан...

Ҳаял Төремурат турған тәрепке қолындағы таяғын ылақтырды.

* * *

Төремурат оянып кетти. Трактордың ашық турған есигинен оның көзине дәслеп аспандағы ай көринди. Ол толысып қалыпты. Аппақ булытлардың арасынан әсте-ақырын жүзип баратыр.

Төремурат тағы көзин жумды...Тракторға Айсулыў келди. Ол Төремуратты оятпақшы болып, ийninен шайқады:

— Мырзаға, ҳә мырзаға!

— Төремурат шоршып кетти:

— Неге келдиң, жеңге!!

— Бул не жатысың, тракторда да уйқылай ма, адам! Сениң үйиң бар, жайың бар!

— Қой, кет, кет деймен, жеңге! Мен сениң неге келгениңди билемен! Сен «ғаррыларды жыйнаған мен емес» дей жақсаң. Буны ислеген апам менен ағам екенлиги маған да түсиникли болды. Енди сеннен бир өтинишим: мениң кейнимнен аўқат та әкелме, өзиң де келме!

Қараңғылық. Айсулыў аўыл ортасындағы жол менен киятыр. Есик алдына келип, ол басып өткен жолына қарап бираз турады. Келиншек болып түскен күнин еслейди.

Еки жағында еки жеңгеси, қапталында бой жеткен қызлар, усы жол менен айтылған хәр бир қәдеге адым сайын ийилип келди. Соң оны шымылдыққа отырғызды. Усы есиктиң алдына шығарып, бетин ашты:

Келин келди көриңиз,
Көримлигин бериңиз,
Ала-ғула демеңиз,
Атын айтып қоймаңыз...

Айсулыўдың қулағының иши бет ашар ырғағы менен гүңиренип кетти. Бирақ еске түсириў оның ушын қәншелли ләззетли болғаны менен ол бәри-бир қайталанбас өтмиш еди. Ол тыңшыдай, есик алдында тура бериўди өзине қолайсыз көрип, ишке кирди.

Балалары маңқыйып уйқылап атыр. Оларға қарап сүйсинип бираз турды. Соң Азатты қушақлап, өзи де көпшикке басын қойды

* * *

Азанғы мәхәл. Дүзде қонған Төремурат үйине қайтып киятыр. Сыйырды емип атырған бузаўды көрип, ол сам-саз болды. Үйге пәтле-

нип кирип келди. Өзине тийисли затларын бир түйиншикке түйип атырған Айсулыўды көрип, пәтинен әптен қайтып қалды. Кемпир де, ғарры да Төремуратқа терис қарады.

— Не қылайын, балам, болатуғын ис бар шығар...

Кемпир жылаўға мейил берип, аўзын кемсеңлетти. Ғарры да бираз қамсықты:

— Палмуратжаннан қалған қаршадай еки нәрестени қайда апарасаң, балам!!

Айсулыў кемпир менен ғарры турған тәрепке бурылды:

—Мениң ҳеш кимге өкпем жоқ...Мына еки бала тири болса түбинде сизлерди табады...Оларды жат етпеймен...

Абат пенен Азат кетиўге мейиллесип турған анасының шалғайынан тартып, төрге қарай сүйрей баслады:

—Отырса, апа!... Отыра қойса...

Балаларының гәпи Айсулыўда екилениўшилик пайда етти. Ананың аты ана дә. Балаларының «буйрығын» орынламаўға күши келмеди. Ол отырды. Еки бала бири-бирин қуўалап ойнап кетти...

* * *

— Малыңды ай-да-а-а-а!!! — Падашының даўысы еситилиўи менен аўыл ҳаяллары қораларынан малларын айдап шыға баслады.

Падашы Айсулыўдың қасына келди:

— Айсулыў, сыйырыңды аўылдан шыққанша айдап салмасаң, маған күш бермейди ҳасла, жол бойындағы жүўериликке урып кете береди. Басқа сыйырлар оның кейнине ереди. Берекет тап, мына ушпа тийгириңди айдаңқырап сал.

— Яқшы...

Сумлықсыз келиншек сыйырды айдап кетти. Бираздан соң оның қасына падашы тағы да айланып келди. Ол атын жетелеп жүрип сөз баслады:

— Көптен айта алмай жүрген гәпим бар еди. Айтсам қапа болмайсаң ба!

— Қапа болмастай гәп болса мен несине қапа болайын.

— Сениң де кеўлиң жарты, мeники де сондай. Екеўимиз бас қоссақ қәйтеди! Еки жарты бир пүтин болар ма едик!

Айсулыў шоршып кетти:

— Бул не дегениңиз!! Қойың! көлеңкеңизди алыстан салып, меннен армаған жүриң! Бул жөнинде маған гәп айтпаң!

Айсулыў сол жерден ғырра кейнине қайтты. Падашы ашыўлы түрде ерге секирип минди де, атын жипә-жексиз қамшылап сөйленди:

— Ақылсыз ҳаял! Қәйниң сени бәри-бир алмайды! Сен өз ырысыңа өзиң теўип атырсаң...

Айсулыў лал болып қалды. Не деген тикенекли еди бул сөзлер. Оның көзлерине жас та келди. Әллен ўақытта бул нәкасқа жуўап бериў кереклиги түсти оның ядына. Бирақ тәрбия көрген ол ашшы сөз таба алмады:

—Мен қәйниме тийежақ емеспен!—деп бақырды ол ызадан даўысы тарғылланып.

Шаңғытқа араласып, мал менен мал болып өскен падашы бул сөзлерди еситпеди, еситсе де жуўап бере алмай, аппақ шаңның арасында көмилип, көринбей қалған еди...

* * *

Қуяш нуры тереклердиң көлеңкесин серпип, аўыл жолын жақтыландыра баслады. Мине үстине ериниң комбинезонын кийген ҳаял шаққан ҳәм нық адым атып, жүрип киятыр.

Бул — Айсулыў. Қолларында сумка, оның еки жағында киятырған оның балалары. Есиктиң алдында оларды узатып салып, кемпир менен ғарры тур.

Балалар мектепке бурылды. Айсулыў атызға келип, комбайн штурвалына отырды.

Аўыл жолы. Оннан пахта тийелген тележкалар кәрўаны жүрип баратыр. Оған нешше излер түседи, нешше тәғдирлер оның менен дусласады еле!...

*1976-жыл, июнь.*

## МАЗМУНЫ

Алғы сөз ........ 3
Дөҳмет *(кинороман)* ........ 6
1. Мәрдикар ........ 6
2. Өмирге жаңа адым ........ 12
3. Халық хызметинде ........ 17
4. Туңғыш муҳаббат ........ 21
5. Қарақалпақ ел болсын деп... ........ 27
6. Шегара ........ 36
7. Тартыслар, телпек дирилдеспелер ........ 49
8. Перзент ........ 57
9. ЦИК тиң сессиясында ........ 62
10. Шаңарақ ........ 67
11. Жала ........ 72
12. Бийопалық ........ 81
13. Сатқынлық ........ 99
14. Дөҳмет ........ 105
16. Соңғы хат ........ 123
17. Палымбет ........ 128
18. Наҳақтан төгилген қан ........ 131
Аўыл жолы *(киноновелла)* ........ 143

65002



**Жазыўшы, киносценарист Алпысбай Султанов (әдебий лақабы Али Султан) 1947-жылы Мойнақ районында туўылған. Өзбекстан хәм Қарақалпақстан жазыўшылар, журналистлер аўқамының, кино ғайраткерлери бирлеспесиниң ағзасы, Қарақалпақстан жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты, 10 топлам, 1 тарийхый драма, 50 ден аслам үйжетли фильмлер, 60 тан артық нама қосықларының авторы. Оның 7 прозалық, 2 қосықлар топламы, 1 илимий монографиясы баспадан шыққан.**

ISBN 978-9943-327-43-6

9789943327436

«БИЛИМ»